

Rapò No. 17242-HA

# Ayiti Defi Nan Batay Kont Lamizè Volim I

Daout 1998

Batay Kont Lamizè ak Jesyon Ekonomik  
Inite Jesyon Peyi Karayib  
Rejyon Amerik Latin ak Karayib



Dokiman Bank Mondyal

---

**FILE COPY**

## **1. A KI SA LAJAN PEYI DAYITI KORESPONN**

Inite lajan: Goud (G)

16.046 goud = 1 dola ameriken

(3 daout 1998)

## **2. ANE FISKAL**

1 janvyè - 31 desanm

## **3. SIG AK ABREVIYASYON**

|        |                                                  |
|--------|--------------------------------------------------|
| PGC    | Pwogram Gouvènans Kominal                        |
| FONHEP | Fondasyon peyi dayiti pou ansèyman prive         |
| PIB    | Richès peyi dayiti pwodui pou tout peyi a        |
| PNB    | Richès peyi dayiti pwodui pou tout peyi a        |
| HIMO   | Travay ki fèt ak anpil moun                      |
| ONG    | Oranizasyon non gouvènmantal                     |
| PCE    | Pwojè pou kreye djòb                             |
| PRECJ  | Pwogram pou rebati lekòl, sant sante ak tribinal |
| PRH/UE | Pwogram pou remete ayiti kanpe/Inyon peyi lewòp  |
| PURE   | Pwogram ijans pou remete ekonomi a kanpe         |
| UNICEF | Fon Nasyon zini pou timoun                       |
| USAID  | Ajans entènasyonal devlopman peyi etazini        |

|                    |                        |
|--------------------|------------------------|
| Prezidan an apre   | Shahid Javed Burki     |
| Direktè pou peyi a | Orsalia Kalantzopoulos |
| Direktè pou sektè  | Guillermo Perry        |
| Responsab pwojè    | Judy Baker             |

## PREFAS

Evalyasyon sa a ki sou kesyon lamizè te fèt pou ede gouvènman peyi dayiti, peyi k ap ba l bourad lajan yo ak sosyete sivil la konprann ki sa ki lakòz peyi a nan lamizè konsa, ki mak fabrik mizè sa a, epi chache wè sou ki sektè pou yo chita an premye pou soti anba l. Premye chapit la ap pale de kondisyon lavi pov yo. Chapit 2 a ap ekzaminen kesyon ki gen pou wè ak establiite politik, ak leta, ansanm ak avansman ekonomi an. Chapit 3 a ap chita sou gwo wòl sektè piblik la dwe jwe pou pote solisyon a pwoblèm lamizè a. Chapit 4 la bay yon amòs sou enpòtans envesti nan moun. Epi Chapit 5 la ap ekzamine keyson ki gen pou wè ak transfè epi tou ak pwogram pwoteksyon sosyal pou ede sa ki pi pòv yo. Dokiman teknik ki te sèvi pou analize pifò enfòmasyon ki nan rapò sa a twouve yo nan volim II a. Enfòmasyon ki manke nan peyi a, lakòz nou pa rive fè yon analiz ki pi fen sou yon seri sektè. Sa fè wè nesosite pou ranfòse sistèm enfòmasyon fondamantal k ap itil lòt travay analiz ki va gen pou fèt pi devan sou lamizè nan peyi Dayiti. Anplis de rapò sa a, nou kapab jwenn ankò lòt enfòmasyon sou kèk sektè nan dokiman Bank Mondyal te fè nan mwa mas 1997, kote l ekzaminen depans leta yo.

Anpil moun te bay kolaborasyon yo pou pare rapò sa a. Se Judy Baker ki te responsab pwojè sa a ak yon gwo kolaborayon ke Edgardo Favaro te bay tou. Dokiman referans ki nan anèks teknik (Volim II) se lis moun nou pral site la yo ki te pare yo: Garry L. Charlier (pwogram ijans), Maria Correia (kesyon ki mare ak pwoblèm fanm ak gason), John Currelly (mikwoantrepriz), Edgardo Favavro (gouvènans ak ogmantasyon richès), Gerard Gagnon (sekirite nan zafè manje), Lora Iannotti ak James Levinson (fason pou moun byen manje), John Panzer (ekzamen envestisman piblik) Myriam Schneidman ak Ruth Levine (lasante), Jamil Salmi (edikasyon), Thomas Wiens ak Carlos Sobrado (lamizè nan milye riral), ak Andy White (lamizè andeyò ak sa moun yo posede) Alice Morton te responsab etid sou sektè ONG. Lòt moun ankò ki te pote kole pou fè rapò sa a, se: Robert Ayres, Maria Elena Castro ak Glen Smucker. Deborah Trent, Gladys Guerricagotia ak Anne Pillay te pote konkou yo pou fin prepare dokiman an. Direktè a se te Orsalia Kalantzopoulos, Ekonomis prinsipal la se te Edgardo Favaro epi espesyalis prensipal nan keksyon la mizè a se Norman Hicks.



# LIS SA NOU JWENN NAN DOKIMAN SA A

## VOLIM I

### PREFAS

|                                                                                             |           |
|---------------------------------------------------------------------------------------------|-----------|
| YON RANMASE-ANALIZ .....                                                                    | i         |
| <b>1 KONDISYON LAVI POV YO .....</b>                                                        | <b>1</b>  |
| LAMIZÈ NAN ZÒN RIRAL YO.....                                                                | 2         |
| LAMIZÈ NAN VIL YO .....                                                                     | 8         |
| MOUVMAN POPILASYON YO (MIGRASYON).....                                                      | 11        |
| PRESYON POPILASYON AN K AP OGMANTE AK KONSEKANS SA GENYEN SOU ANVIWONMAN AN.....            | 12        |
| <b>2 POUKISA MOUN KI POV YO RETE POV: GOUVENANS, ESTABILITE AK KWASANS.....</b>             | <b>14</b> |
| KI SA KI DETÈMINEN KWASANS EKONOMIK PEYI A .....                                            | 15        |
| KWASAN EKONOMIK AK DIMINISYON LAMIZÈ .....                                                  | 17        |
| <b>3 SEKTE PIBLIK AK BATAY KONT LAMIZE .....</b>                                            | <b>20</b> |
| KI SA KI POU FÈT POU GOUVENMAN AN TA VIN PI EFIKAS .....                                    | 20        |
| KOWODONASYON JEFÒ ENSTITISYON ÈD YO AK ONG YO .....                                         | 23        |
| <b>4 ENVESTI NAN RESOUS MOUN .....</b>                                                      | <b>26</b> |
| EDIKASYON .....                                                                             | 26        |
| LASANTE AK NITRISYON .....                                                                  | 28        |
| DLO AK ASENISMAN.....                                                                       | 29        |
| <b>5 TRANSFE AK ESTRIKTI PROTEKSYON SOSYAL.....</b>                                         | <b>31</b> |
| PWOGRAM POU KREYE DJOB AK REVNI LAJAN, REPARE ENFRAESTRIKTI AK RANFÒSE ENSTITISYON YO. .... | 31        |
| ASISTANS ALIMANTÈ.....                                                                      | 34        |
| <b>ANEKS I: KI SA KI DETEMINE PEFOMANS KWASANS NAN PEYI DAYITI .....</b>                    | <b>36</b> |

### List Tablo ak Figi

|                                                                                                         |    |
|---------------------------------------------------------------------------------------------------------|----|
| Tablo 1.1. Konparezon chif sou popilasyon nan divès peyi nan Amerik Latin ak nan Karayib la, 1996 ..... | 1  |
| Tablo 1.2. Kantite lajan fanmi yo depanse an mwayèn nan chak gwoup.....                                 | 2  |
| Tablo 1.3. Tè ak kalite tè, pa gwoup .....                                                              | 3  |
| Tablo 1.4. Estimasyon lamizè nan zòn rural, pa rejyon.....                                              | 4  |
| Tablo 1.5. Komposition revni lajan ak depans fanmi zòn rural, pa gwoup .....                            | 4  |
| Tablo 1.6. Salè ak lavant kash, san konte lajan larevant, pa gwoup .....                                | 5  |
| Tablo 1.7. Pwodiksyon ak pwodiktivite agrikol, pa gwoup.....                                            | 5  |
| Tablo 1.8. Kategori sistèm distribisyon latè, pa gwoup.....                                             | 6  |
| Tablo 2.1. Gouvènman peyi Dayiti, 1957–97.....                                                          | 15 |
| Tablo 2.2. Koefisyan kwasans ak investisman, 1967–97.....                                               | 16 |
| Tablo 3.1. Chif ekonomik kèk peyi kiGen nivo revni ki ba nan Amerik latin ak nan Karayib la .....       | 21 |
| Tablo 4.1. Depans dirèk pou lekòl pa ane pa elèv, pa kategori lekòl .....                               | 27 |
| Tablo 4.2. Eka ant andeyò-lavil nan depans dirèk pa ane pa elèv .....                                   | 27 |
| Tablo 5.1. Djòb ak revni ki kreye, depi 1996.....                                                       | 32 |
| Tablo 5.2. Distribisyon pwojè yo pa depatman .....                                                      | 33 |
| Tablo I.1. To kwasans veritab peyi a pa abitan, 1965–90 .....                                           | 38 |

|                                                               |    |
|---------------------------------------------------------------|----|
| Andakreman 1. Kwasens ekonomik ak devlopman resous moun ..... | 17 |
| Grafik 2.1. Projeksyon diminsyon povrete nan zon riral .....  | 18 |

## **VOLIM II. DOKIMAN TEKNIK**

- 1. LAMIZÈ NAN ZÒN RIRAL YO**
- 2. LAMIZÈ AK KESYON GASON AK FANM**
- 3. ZAFÈ SEKIRITE ALIMANTE**
- 4. DEVLOPMAN MIKWO ANTREPRIZ AK KREYASYON JOB AN AYITI**
- 5. SEKTÈ SANTE AK NUTRISYON**
- 6. BALANS NAN DISTRIBISYON AK KALITE NAN EDIKASYON PRIVE A**
- 7. RANMASE SOU EMPAK AK RANMAN PROGRAM REDIKSYON LAMIZÈ YO**
- 8. ETID SOU SEKTÈ ONG**
- 9. KAPITAL SOSYAL**

## YON RANMASE-ANALIZ

Ayiti se peyi ki pi pòv pami peyi emisfè oksidantal yo e se youn nan peyi ki pi pòv pami peyi ki ap chache rout devlopeman yo. Revni peyi a pa abitan (250 dola ameriken) plis que dis fwa pi piti pase mwayèn pa lòt peyi nan Amerik Latin nan. Sou san moun nan popilasyon k ap viv nan milye riral yo, genyen apeprè katreven k ap viv nan lamizè. Anplis de sa, olye bagay yo amelyore, nan dènye dis lane ki sòt pase yo, sitiyaasyon lamizè a an Ayiti pa sispann vin pi grav. Sòti 1985 pou rive 1995, chak lane ki pase, sa peyi a pwodui pa abitan (PNB pa abitan) bese nan 5,2 pousan.

Gwo nivo lamizè sa a ann Ayiti ki bay moun kè sote ale lamen nan lamen ak yon seri chif sou popilasyon an ki choke moun anpil tou. An Ayiti, yon moun ka espere viv 57 lane, alòske nan lòt peyi Amerik Latin la se yon mwayèn 69 lane moun rive viv. Mwens pase la mwatye popilasyon an pase sou ban lekòl. Sou chak 5 timoun ki gen laj pou ale nan lekòl segondè, se yon grenn sèlman ki rive ale tout bon vre. Menm jan an tou, kondisyon lasante yo move anpil; pa ekzanp, se sèlman yon ka lavalè timoun yo ki vaksinen. Se sèlman yon ka lavalè nan popilasyon an ki rive jwenn dlo potab. Kidonk, pi fò moun nan popilasyon Ayiti ap viv nan move kondisyon lamizè. Devan reyalyte malouk sa a, popilasyon peyi dayiti ap kontinye ogmante ak tout vites ak anviwon 200.000 moun en plis chak lane, sa ki represante yon chif kwasans ki wo anpil.

Ki sa ki eksplike lamizè malouk sa a nan peyi dayiti? Ane pase, ane vini, anpil moun k ap obsève sitiyaasyon an te pote divès repons sou kesyon difisil sa a. Rapò sa a ap montre kèk nan eleman kle ki kapab responsab pwoblèm lamizè a.

- **Enstabilite politik, move konduit nan zafè Leta ak koripsyon.** Yon enstabilite politik ki chita sou yon tradisyon ki la depi diknantan e ki makonnen ak mankman ki genyen nan gouvènans peyi a, se yo ki alabaz pwoblèm lamizè ki pa janm sispann ann Ayiti. Koripsyon ak fason de grenn gòch y ap sèvi ak lajan Leta vin pa mennen yon bès nan kalite tout sèvis Leta ofri, menm nan nivo responsablite piblik ki plis fondamantal yo tankou lapolis, sistèm lajistis ak enfraestrikti debaz. Malgre demokrasi ki retounen ann Ayiti a reprezante yon pa tout moun akeyi ak anpil satisfaksyon, e ki menne pwogrè ki bay anpil ankourajman, kesyon fondamantal gouvènans ak sou jan y ap mennen bak peyi a toujou rete nan kè pwoblèm lamizè nan peyi a.
- **Nivo kwasans ki pa kont ase, e ki se yon rezilta dezekilib ki genyen nan nivo makwoekonomi ak nivo envestisman prive ki dyanm ase.** Eleman politik nou site anvan yo te gen yon konsekans negatif serye sou envestisman prive, kit yo sòti andedan peyi a oswa lòt bò dlo. Ann Ayiti, pousantay envestisman ki fèt parapò a valè byen ak sèvis ki pwodi pandan yon lane (pousantay envestisman ki fèt parapò a sa yo rele PIB a), se sèlman anviron 10 pousan li ye – ki se sèlman yon tyè lavalè pa peyi Chili pa ekzanp. Rapò sa a konsidere Ayiti ta dwe rive nan nivo kwasans ki ta fèt pou omwens 5 pousan chak lane pou l kapab fè pwogrè ki gen sans e pou l ka make pwen nan batay kont lamizè. Olye se sa ki fèt, jan nou di sa piwo a, peyi a sibi a lopose yon kwasans negatif nan menm valè pousantay sa a pandan dènye ane yo. E pa gen okenn bon pèspektiv amelyorasyon nan keksyon kwasans sa a.

- **Mankman nan investisman nan moun kòm resous ak move kalite depans l'Eta.** Nan sektè piblik la, se sèlman 20 pousan nan resous yo ki ale nan zòn andeyò yo, kote anviwon de tyè lavalè popilasyon an ap viv. Depans piblik kou prive ki fèt nan sektè sante pou chak moun egal apeprè 21 dola, alòske se 38 dola yo depanse nan peyi Afrik ki nan zòn sid dezè Sahara yo, ak 202 dola nan peyi Amerik Latin yo.
- **Yon “pèlen lamizè”.** Relasyon alevini ant divès eleman sa yo, ajoute sou gwo vites ogmantasyon popilasyon an vin bay yon espiral tèt chaje k ap rale peyi a desann, sa yo ka rele yon “pèlen lamizè” ki ampil fwa parèt tankou li pap kite ni jwen ni espwa pou peyi a ta rale kòw l soti ladan l. Pami kèk nan aspè pèlen sa a ki diskite nan rapò sa a ou jwenn: yon gwo pousantay moun k ap fè pitit yo pa t anvi genyen; anviwonman an kontinie degrave san kontwòl, sitou andeyò; krim ak vyolans k ap reparèt an fòs; abi san gade dèyè sou zafè dwa moun; epi mouvman moun k ap kite peyi a pou chape anba yon lavi lamizè. Pou nou rezime, poutèt ampil mankman nan bon jan kalite gouvènans peyi a, paske nivo kwasans ak investisman yo trò fèb, paske manke konsiderasyon pou bezwen fondamantal moun, epitou poutèt konsekans yon seri konpòtman moun ka konprann men ki parèt regretab vin jwenn yo aji youn sou lòt nan divès fason konplike, ebyen tout sa nou sòt di la yo se eleman ki mennen nan menm rezilta a: yon sitiyasyon lamizè k ap symaye an fòs ak tout konsekans ki mache avè l yo, sètadi moun an degraba, espas an degraba, sosyete an degraba ak anviwonman ki ap depafini.

Si eleman nou site anwo yo se kòz dilèm lamizè ayisyen an, ki sa k kapab fèt pou aleje sitiyasyon an epi amelyore kondisyon lavi tout popilasyon an? Rapò ki suiv la bay detay sou yon manyè ki ta bon pou etidye kesyon an, san toutfw a li pa sispann rekòmande modèsti ak pridans. Fòk sa byen klè, lamizè pa pwal rale yon bak ann Ayiti konsa nan yon sèl jou. Pa gen “solisyon majik” ki ekziste. Chimen ki pou suiv la chaje ak pikan kwenna epitou pwogrè yo, omye, ap fèt tipa tipa e se sèlman yon ponyen moun a la fwa k ap ka jwenn ak benefisye pwogrè sa yo. Men, demokrasi ki retounen an, pèp ayisyen ki toujou manifeste volonte l anfavè kondisyon lavi miyò pou yo menm ak pou timoun yo, leson ki deja ranmase nan yon seri pwogram ak inisyativ pwojè ki deja sou wout (yo diskite de sa nan tout rapò a), san nou pa bliye sipò dyanm san lachèt, kominote entènasyonal ki ap bay bourad lajan ak ONG yo, tout sa pèmèt gen yon lespwa kit se ak yon bon dòz pridans kanta pèspektiv batay kont lamizè ann Ayiti.

Defi pou moun k ap okipe zafè devlopman Ayiti leve jwenn jounen jodi a, se rive idantifye yon seri priorite tout patnè nan keksyon devlopman konsète sou yo ki fè sans yon ak lòt, e ki pou sèvi kòm baz pou tou jefò konsantre epitou ekzekite yon jan pi efikasak. Pami priyorite ki ta konsidere pou amelyore sò ayisyen pòv yo, anyen p ap pi enpòtan pase refòm ki vle kraze baryè tradisyonèl ki toujou ap fè ravaj nan peyi a, tankou baryè politik, baryè nan enstitisyon, baryè nan gouvènans. Refòm sa yo si tèlman enpòtan ke si yo pa fèt, tout lòt kalite refòm ki ta pwopoze – kèlkanswa enpòtan yo ta enpòtan de pa yo menm – gen anpil chans pou yo pa tonbe daplon ak pou yo pa pote bon jan rezilta yo te sipoze bay yo.

Lè sa a, ki sa k dwe fèt?

- **Bay enstitisyon piblik fondamantal yo jarèt, amelyore kowòdinasyon ak konsiltasyon nan pami Gouvènman an, remete establiite politik la kanpe sou de pye epitou ba l jarèt.** Lè nou konsidere kapasite Leta ki limite, fòk nou rekonèt ke wòl Leta dwe chanje. Nan sans sa a, nesese pou Leta rekonsantre ròl li nan kote aksyon l pi plis necesè parèt a klè. Kote sa yo ke Leta dwe entèveni nesèsman, se sitou nan asire lòd piblik ak establiite ekonomik, fè respekte dwa pwopriyete, tabli reglemant pou kèk sektè, epi tabli yon kad ki pou ede ogmante sèvis lasante ak edikasyon primè, investisman ak sèvis antretyen pou kenbe enfraestrikti yo nan bon kondisyon. Modènizasyon Bank Santral ak bon jan rezilta ki jwenn deja nan mete kanpe yon fòs polis nasyonal pou peyi dayiti epi tou amelyorasyon sistèm prizon a, tout sa yo se bon pwent referans pou modènize Leta a. Modènizasyon sa a pral ekzije tou, pou yo ranfòse wòl sektè prive a nan bay sèvis, l ap ekzije tou pou asire patisipasyon sosyete sivil nèt alkole nan zafè planifikasyon ak pran desizyon ki konsènen tèl osnon tèl sektè. Nan domèn sa a, genyen anpil pwogrè ki ap fèt nan estrateji gouvènman an nan sektè ledikasyon. Pou rive nan objektif ekilib politik la, li pral nesèsè pou tabli yon pi bon dialòg ak yon komunikasyon ki pi louvri ant pouvwa ekzekitif ak Palman, e li pral nesèsè tou pou tout patnè yo gen bon jan volonte pou reyisi.
- **Ranfòse establiite makwoekonomik la, diminye distòsyon ak dezekilib yo yon fason pou ankouraje investisman prive, epitou ogmante kapasite ak randman pwodiksyon moun yo.** Bay investisman prive an ankourajman ak bourad, se sa ki pral pèmèt ogmante pi devan kwasans ekonomik peyi dayiti. Premye pa enpòtan ki pou fèt nan sans sa a, se reyalize pwogram kapitalizasyon an, espesyalman nan Teleko, Elektrisite d Ayiti, sektè dlo potab, pò ak ayewopò. Privatizasyon sektè sa yo va pèmèt ogmante kapasite pwodiksyon nan ekonomi a, epi se ap yon siyal klè sou angajman gouvènman an pran pou redefini wòl Leta ak pou lanse ekonomi peyi a sou chimen modènizasyon. Nan sans sa a, fòk yo kontinye epi ranfòse gwo jefò gouvènman an ap fè pou kenbe establiite makwoekonomik la.
- **Amelyore kalite depans Leta ap fè yo, investi nan bay sèvis pou bezwen fondamantal moun, epitou ogmante nivo resous moun ky genyen yo.** Pi gwo defi gouvènman ayisyen an dwe leve, se pral pou ogmante kantite lajan l ap mete nan bidjè pou bay sèvis sosyal, epitou se pral pou mete sou pye yon òganis ki va kolabore, sou baz regleman, ak ONG ansanm ak sektè prive, yon fason pou ogmante kantite ak amelyore kalite sèvis sa yo. Nan zafè edikasyon, lasante, dlo potab ak asenisman, tankou tou nan zafè planing famiyal, gouvènman an ta dwe, otan sa posib, kite sektè prive a oswa ONG yo bay sèvis sa yo, alòske limenm Leta li t ap pito chita fòs li sou zafè amelyorasyon regleman, fasilite inisyativ ki fè kowòdinasyon ant pwop aktivite pa l, aktivite pa sektè prive o benefis pòv yo. Fòk yon kantite lajan Leta ki limite ta dwe ale nan pwogram k ap fèt pou moun ki pi pòv yo, espesyalman pou moun k ap viv nan zòn riral ke yo toujou neglije depi lontan. Pwogram transfè ki byen vise ak pwogram pwoteksyon sosyal pral rete enpòtan pou popilasyon ayisyèn nan ka toujou viv, jiskaske investisman a long tèm ki fèt nan moun yo ta kòmanse pote rezilta.
- **Oganize pi byen èd ki soti nan bò peyi etranje yo.** Ed k ap soti lòt bò kontinie trè enpòtan pou relanse ekonomi peyi d Ayiti ak pou mennen batay kont lamizè. Ed sa a te reprezante apeprè 15 pousan PIB lane 1997 la ann Ayiti. Men, rapò sa a fè lalimye sou yon seri pwoblèm

serye ki konsènen mankman nan kowòdinasyon èd patnè peyi etranje yo e ki anpeche èd sa a bay pi bon rezilta. Pakèt patnè entènasyonal sa yo ak pakèt pwogram yo chak genyen nan prèske tout sektè yo, vin konplike jefò gouvènman ak jefò patnè sa yo nan asire yon kowòdinasyon nan planifikasyon ak ekzekisyon aksyon yo. Malgre ke nan yon seri sektè, patnè entènasyonal yo rive fòme kèk gwoup travay ki ta dwe pèmèt èd ki soti lòt bò yo bay pi bon jan rezilta, gwoup sa yo pa t trò aktif depi koumansman dènye kriz politik mwa jen 1997 la. Epi tou, sa pa si ke jefò sa yo kapab bay bon jan rezilta si Gouvènman an pa la pou jwe wòl kowòdinasyon ke l genyen an.

## KONDISYON LAVI POV YO

Ayiti se peyi ki pi pòv pami peyi emisfè oksidantal yo e se youn nan peyi ki pi pòv sou latè. Mwayèn revni peyi dayiti pa abitan nan yon lane ki monte 250 dola ameriken sèlman pi piti pase sa yon pakèt peyi afriken fè, e li ba anpil pa rapò a mwayèn sa peyi Amerik Latin yo rantrè ki se 3.320 dola ameriken (gade tablo 1.1). Nan milye riral la, sou 100 moun genyen anviwon 80 ki nan yon sitiyasyon ki pi malouk toujou pase sa yo konsidere kòm sèy lamizè<sup>1</sup>. Lamizè nan peyi dayiti makònen ak move pèfòmans ekomik la: revni lajan peyi a pa tèt abitan pa ogmante pandan 40 dènye lane yo e ki pirèd li bese nan 5.2 pousan chak lane pandan dis lane ant 1985 pou 1995 (Bank Mondyal 1997).

Fenomèn lamizè nan peyi Dayiti parèt a klè na chif sou popilasyon peyi a. Chif sa yo pi ba anpil pase pa lòt peyi ki nan zòn nan. Ann Ayiti yon moun ka espere viv 57 lane alòske mwayèn nan se 69 lane pou peyi Amerik Latin yo. Valè pousantaj fè timoun la se 4,8 pousan, alòske mwayèn nan rejyon an se 2,8. Sou 1000 timoun, gen plis pase 72 ki mouri, sa vle di de fwa mwayèn timoun ki mouri nan zòn nan. Genyen 6 fanm sou 1000 ki mouri nan akouchman e se youn nan chif ki pi wo sou latè. Gen mwatye timoun ki gen mwens pase senk lane ki soufri malnitrisyon, e preske lamwatye granmoun yo pa kònni li ni ekri.

**TABLO 1.1. KONPAREZON CHIF SOU POPILASYON NAN DIVES PEYI NAN AMERIK LATIN AK NAN KARAYIB LA, 1996**

| <i>Peyi</i>                    | <i>PNB pa abitan</i> | <i>Tan yon moun ka espere viv</i> | <i>Pousantaj granmoun ki pa kònni li</i> | <i>Pousantaj timoun ki mouri</i> | <i>Pousantaj total nan fè timoun</i> | <i>Chif sou devlopman moun</i> |
|--------------------------------|----------------------|-----------------------------------|------------------------------------------|----------------------------------|--------------------------------------|--------------------------------|
| Ayiti                          | 250                  | 57                                | 55                                       | 72                               | 4.8                                  | 0.338                          |
| Nikaragua                      | 380                  | 68                                | 34                                       | 46                               | 4.1                                  | 0.530                          |
| Onduras                        | 600                  | 67                                | 27                                       | 45                               | 4.6                                  | 0.575                          |
| Bolivi                         | 800                  | 60                                | 17                                       | 69                               | 4.5                                  | 0.589                          |
| Dominikani                     | 1,460                | 71                                | 18                                       | 37                               | 2.9                                  | 0.589                          |
| Jamayik                        | 1,510                | 74                                | 15                                       | 13                               | 2.4                                  | 0.718                          |
| Mwayèn Amerik latin ak Karayib | 3,320                | 69                                | 13                                       | 37                               | 2.8                                  | 0.876                          |

Sous: Bank Mondyal 1997; PNUD 1997.

<sup>1</sup> Yon nan gwo pwoblèm nan fè analiz sou zafè lamizè nan peyi Dayiti se bon jan enfòmasyon ak done ki pa manke. Pi gwo jefò ta dwe fèt pou ranfòse kapasite Biro Estatistik pou pèmèt li fè ankèt periodik sou kondisyon lavi nan peyi a pou rive wè pi byen ki moun ki pov yo, poukisa yo pov epitou ki rezilta pwogram Leta yo genyen sou kondisyon lavi moun sa yo.

Anviron de tyè lavalè popilasyon an (4.8 milyon moun) ap viv nan milye rural, e sou chak 100 moun, ladan yo gen 80 ki pov<sup>2</sup>. Kondisyon lavi moun nan miliye riral yon ti kras pi mal pase pa lavil. Pa ekzanp, sou 100 timoun ki gen mwens pase 5 lane, genyen 35 ki soufri malnitrisyon san rete nan milye riral yo, 30 nan vil yo esepite nan Potoprens, epi 20 nan Potoprens. Menm jan an, sou 1000 timoun ki fèt vivan, genyen 144 ki mouri nan milye riral yo, 135 nan vil yo esepite nan Potoprens, epi 131 nan Potoprens. Eka ki genyen nan kondisyon lavi nan vil yo ak andeyò se youn nan bagay ki plis fè moun kite pwovens yo pou vin viv lavil. Sitiyasyon a vin angrave deske zòn lavil yo pwofite pi plis nan distribisyon dezekilibre resous Leta yo.

## Lamizè nan zòn riral yo

**Mak fabrik fanmi k ap viv nan zòn riral yo.** Fanmi k ap viv nan milye riral yo genyen anpil moun, ladan yo genyen pafwa granmoun ki pandan yon tan te kite kote yo te tabli pou al chèche lavi lòt kote e preske tout fanmi sa yo (78 pousan) se gason<sup>3</sup> ki alatèt yo. An mwayèn, yon fanmi genyen 5.8 moun, alatèt kay la ak madanm oswa mari l konte pou 1,7 manb, timoun yo konte pou 3 manb, epi lòt moun nan fanmi an konte pou rès la. Nou pa jwenn menm kantite moun nan chak. An mwayèn, ou jwenn ant 6.9 moun nan fanmi ki nan gwoup pi pòv yo (gwoup 1), jiska 4.4 moun nan fanmi ki pi rich yo (gwoup 5; gade tablo 1.2). Diferans nou remake nan dimansyon fanmi yo lè ou pase sot nan yon gwoup pou al nan yon lòt toujou gen pou revwa ak kantite timoun yo.

**TABLO 1.2. KANTITE LAJAN FANMI YO DEPANSE AN MWAYEN NAN CHAK GWROUP**

| <i>Fanmi</i>                                      | <i>1</i> | <i>2</i> | <i>3</i> | <i>4</i> | <i>5</i> | <i>Mwayèn</i> |
|---------------------------------------------------|----------|----------|----------|----------|----------|---------------|
| Alatèt fanmi an ak madanm oswa mari               | 1,74     | 1,71     | 1,68     | 1,71     | 1,61     | 1,69          |
| Tigason ak tifi                                   | 4,07     | 3,45     | 3,01     | 2,69     | 1,85     | 3,02          |
| Manman ak papa, granpè ak grann                   | 0,05     | 0,07     | 0,10     | 0,07     | 0,05     | 0,07          |
| Lòt lafanmi                                       | 0,95     | 0,96     | 0,99     | 0,94     | 0,84     | 0,94          |
| Lòt manb nan fanmi an                             | 0,07     | 0,06     | 0,09     | 0,06     | 0,06     | 0,07          |
| Total                                             | 6,89     | 6,25     | 5,87     | 5,46     | 4,42     | 5,78          |
| Pousantaj moun ki sou kont alatèt la <sup>a</sup> | 1,58     | 1,43     | 1,29     | 1,14     | 0,85     | 1,26          |

a. Timoun pa rapò a granmoun.

Sous : Ankèt sou kondisyon lavi nan milye riral, 1995.

An mwayèn, nan chak gwoup nou jwenn menm kantite granmoun ki te kite kote yo te tabli pou al lòt kote. Nou jwenn menm kantite transfè lajan tou nan pami gwoup yo tou. Poutan, fanmi kote se fanm yo ki alatèt resevwa 2 fwa plis lajan pase fanmi kote alatèt la se gason, paske pifò moun ki pati yo se gason.

<sup>2</sup> Estimasyon sa a chita sou enfòmasyon ki soti nan yon ankèt echantiyon ki te fèt sou kondisyon lavi nan zòn riral yo. Sèy lamizè a baze sou total depanse lokal (rapòte nan valè pri mwa mas 1996) yon fanmi mwayen nan echantiyon dwe fè pou l rive jwenn estanda 2.240 kalori nan sa li manje en akò ak abidid lokal yo. Chif sa a se minimòm Oganizasyon Mondyal pou Alimantasyon ak Agrikilti fikse e ki koresponn a sa yon fanmi depanse anmwayèn pou manje, plis sa li depanse pou lòt bagay ki pa manje yon fason pou pousantaj depans manje nan total depans yo koresponn ak valè mwayèn sa fanmi pov nan zòn riral yo depanse (71,8 pousan). Chif sa a koresponn a 3.321 goud (oswa 220 dola ameriken). Goud la se lajan ofisyèl peyi Dayiti.

<sup>3</sup> Yon fanmi mwayen k ap viv nan zòn riral yo konte 0,4 granmoun ki kite lakay pou al chache lavi yon lòt kote pandan yon tan.

**Ki byen fanmi nan zòn riral yo posede.** Nan milye riral yo, w pa jwenn anpil moun ak bon jan fòmasyon oswa ki posede anpil byen. Sou chak san alatèt kay, genyen 58 ladan yo ki pa kòn ni li ni ekri, 34 ladan yo te lekòl pandan sis lane, 6 ladan yo te fini klas segondè yo, epi 0,4 sèlman genyen yon diplom inivèsite.

An jeneral, alatèt fanmi ki pi pòv yo pa kòn li epi yo genyen mwens lenstriksyon pase alatèt fanmi ki gen plis mwayen yo. Kòm ekzanp, sou san moun, nou jwenn 65 ki pa kòn li nan gwoup ki pi pòv yo kont 49 nan gwoup fanmi genyen plis mwayen yo. Sèlman 8 sou san granmoun nan gwoup pi pòv yo te ale lekòl pandan sis lane, alòske sou san granmoun nan gwoup ki pi wo yo, nou jwenn 14.

Pi gwo byen fanmi k ap viv nan zòn riral yo posede se latè. Sou 100 fanmi, genyen 93 ki ka jwenn tè po travay e tè sa yo mezire an mwayèn 1 ekta 78 sètadi anviron 1kawo 45 (Tablo 1.3). Menmsi chak fanmi yo posede oswa kiltive yon mezi sifas tè ki preske menm gwo nan tout gwoup yo, gen gwo diferans nan pami gwoup yo nan kantite ekta ki ka rapòte oswa lè ou korije sifas tè a dapre kalite l pou chak gwoup fanmi. Pa ekzanp, an mwayèn gwoup ki pi pòv la genyen 0,95 ekta tè ki plante, alòske gwoup afè l pi bon a genyen 1.64 ekta. Sepandan le se mezi sifas tè korije ki ap pale, fanmi nan gwoup ki pi pòv yo gen sèlman 0.54 ekta alòske gwoup ki pi wo a gen 2.51 ekta. Epi tou, tè fanmi ki nan gwoup moun pi pòv yo de fwa pi lwen zòn y ap viv la pase tè fanmi ki nan gwoup moun ki pi rich yo.

**TABLO 1.3. TE AK KALITE TE, PA GWROUP**

| <i>Endikatè / Gwoup</i>                              | <i>1</i> | <i>2</i> | <i>3</i> | <i>4</i> | <i>5</i> | <i>Mwayèn</i> |
|------------------------------------------------------|----------|----------|----------|----------|----------|---------------|
| Sifas total tè a (pa ekta)                           | 1,31     | 1,61     | 1,79     | 1,81     | 2,39     | 1,784         |
| Sifas tè yon moun posede pou kont li (pa ekta)       | 0,90     | 1,06     | 1,21     | 1,27     | 1,58     | 1,20          |
| Sifas tè ki plante (pa ekta)                         | 0,95     | 1,11     | 1,20     | 1,27     | 1,64     | 1,23          |
| Distans pou rive nan jaden (pa km)                   | 4,17     | 3,54     | 3,41     | 2,72     | 2,56     | 3,29          |
| Chif sou kalite tè yo pa rapò a mwayèn tè yo         | 57       | 76       | 87       | 96       | 153      | 100           |
| Total sifas tè ki plante an apre koreksyon (pa ekta) | 0,54     | 0,84     | 1,04     | 1,22     | 2,51     | 1,23          |

*Sous : Ankèt sou kondisyon lavi nan zòn riral, 1995*

**Fanmi k ap viv nan zòn riral yo: kondisyon lamizè, valè lajan yo rantre ak kisa yo depanse.** Tablo 1.4 la montre ki konsekans lamizè ak lamizè dènye dege genyen sou milye riral la. Yo mezire lamizè a dapre chif sou kantite moun ki ap viv pi ba yon sèy lamizè ki base sou valè minimòm sa yon fanmi dwe manje ak en plis yon sipò lajan ke li resevwa pou lòt depans ki pa pou manje. Mezi dènye dege sa a base sou yon nivo konsomasyon ki apèn sifi pou achte yon valè manje minimòm estanda. Sou baz sa a, 80 pousan fanmi k ap viv nan zòn riral yo nan lamizè, ak 2/3 ladan yo ki ap viv nan kondisyon lamizè dènye dege. Nou jwenn plis mizè nan depatman nò ak nodwès, kote sou 100 fanmi ou jwenn 91 ki nan lamizè ak 81 ki nan sa ki rele mizè ekstrèm la. Se youn nan chif sou nivo lamizè ki pi wo sou tout latè.

**TABLO 1.4. ESTIMASYON LAMIZE NAN ZON RIRAL, PA REJYON**  
(pousantaj)

| <i>Zòn agwo-ekolojik<br/>(ak chif ONG yo genyen)</i>                      | <i>Lamizè<br/>ki laj anpil</i> | <i>Lamizè<br/>(ki kimile)</i> |
|---------------------------------------------------------------------------|--------------------------------|-------------------------------|
| Gonayiv ak Nòdwès ( <i>Cooperative for Assistance Relief Everywhere</i> ) | 81                             | 91                            |
| Sid ak Grandans ( <i>Catholic Relief Service</i> )                        | 56                             | 74                            |
| Lwès ak Plato Santral ( <i>Adventist Development Relief Agency</i> )      | 64                             | 77                            |
| Total echantiyon pou milye riral                                          | 66                             | 81                            |

Sous: Ankèt sou kondisyon lavi nan milye riral, 1995.

Tablo 1.5 bay enfòmasyon detaye sou ki sous lajan fanmi chak gwoup rantre ak depans li. Total lajan chak fanmi rantre genyen ladan l : (i) lajan li touche nan travay latè oswa lajan ki pa sòti nan travay latè, (ii) transfè lajan manb fanmi a ki pati kite zòn la voye, ak (iii) lajan nèt li rantre nan pwodiksyon ak komès lè w retire tout depans, eksepte lajan ki rantre a pati komès ak lapèch. Total depans sa chak fanmi konsome genyen ladan l: (i) sa li depanse pou manje, nan depans sa yo w jwenn manje ki pwodwi nan jaden e ki manje nan kay la ak tout lòt depans kash ki fèt pou zafè manje, ak (ii) konsomasyon ki pa manje, sòf pifò byen konsomasyon dirab.

**Tablo 1.5. Komposition revni lajan ak depans fanmi zòn riral, pa gwoup**  
(an pousantaj sòf si yo presize yon lòt mezi)

| <i>Mak fabrik fanmi sa yo</i>     | <i>1</i> | <i>2</i> | <i>3</i> | <i>4</i> | <i>5</i> | <i>Mwayèn zòn<br/>riral peyi<br/>Dayiti</i> |
|-----------------------------------|----------|----------|----------|----------|----------|---------------------------------------------|
| <i>Gwosè fanmi yo</i>             | 6,89     | 6,25     | 5,87     | 5,46     | 4,42     | 5,78                                        |
| <i>Ki sous lajan l</i>            |          |          |          |          |          |                                             |
| Salè                              | 32       | 30       | 27       | 20       | 18       | 23                                          |
| Transfè lajan moun ki pati        | 9        | 6        | 5        | 5        | 4        | 5                                           |
| Pwodiksyon ak komès               | 59       | 64       | 68       | 75       | 78       | 72                                          |
| Total lajan yo rantre             | 100      | 100      | 100      | 100      | 100      | 100                                         |
| <i>Depans manje</i>               | 65       | 67       | 67       | 68       | 66       | 67                                          |
| Sa yo pwodui yo menm              | 13       | 16       | 16       | 16       | 23       | 19                                          |
| Sa yo achte                       | 52       | 51       | 51       | 52       | 43       | 48                                          |
| <i>Depans ki pa fèt pou manje</i> | 35       | 33       | 33       | 32       | 34       | 33                                          |
| Total depans                      | 100      | 100      | 100      | 100      | 100      | 100                                         |

Sous : Ankèt sou kondisyon lavi moun nan zòn riral, 1995.

Se sitou nan prodiksyon ak komès fanmi k ap viv nan milye riral yo rantre lajan kelkenswa gwoup yo. Sa ki frape yon moun, alòske pousantaj salè nan revni total la toujou bese lè revni a limenm bese, kantite manje fanmi a pwodui pa pwòp tèt li limenm ogmante. Tandans mwayèn pou depanse pa chanje anpil nan pami dives gwoup revni yo, sa ki lese komprann ke lamizè a gaye anpil, sòf pou yon ti pòsyon fanmi ki nan gwoup anwo yo.

Tablo 1.6 la bay enfòmasyon plis an detay sou salè ak lavant kash, sòf lajan ki rantre nan fè koms ak revni lapèch. Salè ak lavant kash, sòf pou bagay yo revann, konte pou 47 pousan an mwayèn nan revni net fanmi yo apre tout depans. Enpòtans salè agrikol nan revni total yon fanmi

bese lè revni l ogmante, alòske enpòtans pousantaj salè ki pa sòti nan lagrikilti nan total revni fanmi an vin pi plis lè revni a limenm ogmante. Sa ki explike gwo eka sa a ant pòsyon lajan revni ki pa soti nan salè gwoup 5 ki pi anwo a pa rapò a sa lòt gwoup yo se pi bon fòmasyon ouvriye mwayen ki nan gwoup 5 ki gen plis lajan an.

**TABLO 1.6. SALE AK LAVANT KASH, SAN KONTE LAJAN LAREVANT, PA GWROUP**

| <i>Endikatè</i>                       | <i>1</i> | <i>2</i> | <i>3</i> | <i>4</i> | <i>5</i> | <i>Mwayèn</i> |
|---------------------------------------|----------|----------|----------|----------|----------|---------------|
| <i>Salè ki sòti nan lagrikilti</i>    |          |          |          |          |          |               |
| An goud                               | 531      | 639      | 628      | 511      | 532      | 568           |
| Pousantaj                             | 28       | 19       | 16       | 11       | 8        | 14            |
| <i>Salè ki pa sòti nan lagrikilti</i> |          |          |          |          |          |               |
| An goud                               | 435      | 1.200    | 1.574    | 1.673    | 2.502    | 1.477         |
| Pousantaj                             | 23       | 36       | 40       | 35       | 38       | 36            |
| <i>Lajan ki rantre nan atizana</i>    |          |          |          |          |          |               |
| An goud                               | 180      | 339      | 310      | 775      | 664      | 454           |
| Pousantaj                             | 10       | 10       | 8        | 16       | 10       | 11            |
| <i>Lavant chabon ak bwa</i>           |          |          |          |          |          |               |
| An goud                               | 522      | 676      | 652      | 785      | 761      | 679           |
| Pousantaj                             | 28       | 20       | 16       | 16       | 11       | 16            |
| <i>Lòt sous rantre lajan</i>          |          |          |          |          |          |               |
| An goud                               | 227      | 503      | 804      | 1.029    | 2.171    | 947           |
| Pousantaj                             | 12       | 15       | 20       | 22       | 33       | 23            |
| <i>Total</i>                          |          |          |          |          |          |               |
| An goud                               | 1.896    | 3.357    | 3.968    | 4.774    | 6.629    | 4.125         |
| Pousantaj                             | 100      | 100      | 100      | 100      | 100      | 100           |

*Sous:* Ankèt sou kondisyon lavi nan milye rural, 1995.

**Prodiktivite nan zòn riral yo.** Sòf nan ka kèk gwo plantasyon agrikol, mak fabrik lagrikilti nan peyi Dayiti tojou gen pou wè jouk jounen jodi ak metòd pwodiksyon agrikol tradisyonèl ki ansyen ampil, ki pa sèvi ak ampli entran andeò sektè a ni ak anpil kapital moun. Soti nan yon gwoup revni ale nan lòt, sa yon eka tè pwodi varie selon diferans ki genyen nan nivo kalite mwayèn tè yo epi tou nan nivo itilizasyon intran ki gen pi bon kalite (Tablo 1.7). Eka nan nivo total pwodiksyon yo 9,42 fwa pi wo nan gwoup 5 la pase pa gwoup 1 ki pi ba a. Gen twa faktè ki responsab diferans eka sa a : gwo sifas jaden ki kiltive, yon pi bon kalite tè yo ak lòt faktè yo. De premye faktè yo konte pou apeprè 40 pousan, alòske lòt faktè yo tankou resous moun, itilizasyon entran, ak pi bon teknoloji konte pou rès 60 pousan an.

**TABLO 1.7. PWODIKSYON AK PWODIKTIVITE AGRIKOL, PA GWROUP**

| <i>Indikatè</i>                                           | <i>1</i> | <i>2</i> | <i>3</i> | <i>4</i> | <i>5</i> | <i>Mwayèn</i> |
|-----------------------------------------------------------|----------|----------|----------|----------|----------|---------------|
| Sifas tè ki plante (pa eka)                               | 0,95     | 1,11     | 1,20     | 1,27     | 1,64     | 1,23          |
| Chif pa rapò a mwayèn tè yo                               | 77       | 90       | 98       | 103      | 133      | 100           |
| Prodiksyon agrikilti (an goud)                            | 1.710    | 3.901    | 5.329    | 8.070    | 16.114   | 7.026         |
| chif pa rapò a mwayèn tè yo                               | 24       | 56       | 76       | 115      | 229      | 100           |
| Prodiktivite pa eka (an goud)                             | 1.800    | 3.514    | 4.441    | 6.354    | 9.826    | 5.712         |
| Prodiktivite pa eka ki korije selon kalite tè a (an goud) | 3.167    | 4.644    | 5.124    | 6.614    | 6.419    | 5.712         |

*Sous :* Ankèt sou kondisyon lavi nan milye rural, 1995.

Edikasyon se youn nan faktè ki kapital, sa yo rele « factè de kalite ». Pwodiktivite yon tè jaden kote alatèt fanmi a pa kòn li rive apeprè 88 pousan valè mwayèn pa lòt tè jaden yo. Si yo ta

aprann peyizan kiltivatè yo li ak ekri, sa ta ka pèmèt ogmante pwodiktivite a nan valè 14 pousan si tout lòt faktè yo rete menm jan. Poutan, si fòmasyon a al pi lwen pase edikasyon debaz la, sa p ap chanje pwodiktivite pi plis pase sa. Etid ki fèt sou pousantaj rannman ekonomik factè edikasyon a nan lòt zòn riral tradisyonèl yo bay menm rezilta yo. Sepandan, fok analiz sa a entèprete ak pridans. Menmsi ke valè edikasyon pa enpòtan anpil lè se menm pratik agrikol tradisyonel yo ki toujou kontinye, se pa menm bagay ditou lè yo vle rive modènize agrikilti a, kote lè sa a valè edikasyon ogmante anpil. Yon kiltivatè ki resevwa bon jan lenstriksyon ak fòmasyon kapab konprann epitou adapte l pi byen ak nouvo teknoloji yo pase youn ki pa pase lekòl e ki kapab trouve pwogrè sa yo konplike.

Kantite moun ki kònen li pi plis nan pami alatèt fanmi ki ap dirije yon tè jaden ki rapòte e kote ou jwenn granmoun ak timoun ki gen plis lenstriksyon. Sa kiltivatè yo plante varye anpil ant kiltivatè ki gen zafè l k ap mache byen ak lòt sa yo zafè pa fin twò bon. Pa ekzanp, kiltivatè k ap degage l byen an pwodwi plis rekòt, - 4,0 rekòt nan chak jaden kont yon mwayèn global 3,3, e yon mwayèn 1,26 rekòt nan chak pasèl tè kont 1,06 pou lòt agrikiltè yo. Yo pwodui tou plis kilti ki rapòte pase kiltivatè ki gen mwens lajan yo.

**Dwa moun genyen pou posede tè nan zòn rural.** Menmsi yo site anpil sistèm distribisyon latè a tankou yon gwò pwoblèm an Ayiti, anviron 2/3 fanmi k ap viv nan milye riral yo posede pwòp tè yo, kèlkelanswa nivo gwoup la (tablo 1.8), epi tou pa genyen okenn gwo diferans nan pwodiktivite ki ta gen a revwa deske yon moun ap kiltive pwòp tè l<sup>4</sup>. Fòk nou entèprete konklizyon sa a ak pridans. Si sistèm distribisyon latè a pa reprezante yon pwoblèm pou agrikilti tradisyonèl la, li kapab poutan dekouraje nouvo envestisman ak modènizasyon sektè a, tankou nou ka wè l nan eksperyans ki fèt nan lòt peyi.

**TABLO 1.8. KATEGORI SISTEM DISTRIBISYON LATE, PA GWOUPE**  
(pousantaj mwayèn gwosè jaden yo)

| <i>Kalite sistèm<br/>propriyete</i> | <i>1</i> | <i>2</i> | <i>3</i> | <i>4</i> | <i>5</i> | <i>Mwayèn</i> |
|-------------------------------------|----------|----------|----------|----------|----------|---------------|
| Achte                               | 29,4     | 28,7     | 36,1     | 31,4     | 34,6     | 32,4          |
| Eritaj                              | 40,5     | 32,5     | 31,7     | 35,7     | 28,6     | 33,1          |
| Lwe (lwaye fiks)                    | 5,1      | 8,6      | 9,3      | 7,8      | 10,0     | 8,4           |
| Meteyaj                             | 17,9     | 15,5     | 12,9     | 9,6      | 7,2      | 11,9          |
| Tè ki pou plizyè moun               | 2,7      | 8,1      | 4,6      | 7,9      | 11,8     | 7,5           |
| Lòt kalite sistèm                   | 4,5      | 6,6      | 5,4      | 7,5      | 7,8      | 6,6           |
| Total                               | 100,0    | 100,0    | 100,0    | 100,0    | 100,0    | 100,0         |

*Sous:* Ankèt sou kondisyon lavi nan milye rural, 1995.

**Kapital sosyal ak enstitisyon enfòmèl nan zòn riral.** Rapò ki ekziste ant manm yon lafanmi ak moun nan vwazinaj li reprezante yon sistèm proteksyon sosyal enfòmèl ki gen enpòtans li nan zafè pataje byen yo, responsablite ak risk. Kiltavè yo tabli epi devlope lòt kalite rapò ak obligasyon, espesyalman rapò patwon-anplwaye, oswa rapò fanmitaj ak moun ki pa lafanmi yo tout bon vre, ak rapò espesyal avèk lòt moun. Konsa, kiltivatè yo jere estrikti sa yo

<sup>4</sup> Meteyaj, ki se sistèm kote kiltivatè a pataje tout pwodiksyon l genyen anplis ak pwopriyete a, koresponn poutan a yon nivo pwodiktivite ki 28 pousan pi ba pase pa lòt pwopriyete agrikòl yo. Yo konsidere l tankou yon sistèm ki pa ankouraje moun chwasi metòd ki pou pèmèt pwodi pi plis.

tankou byen pèsone l yo - yon pati nan kapital sosyal la ki chita sou tranzaksyon ak resipwosite<sup>5</sup>. Nou jwenn rapò sa yo nan de gran kategori ki rantre youn nan lòt - sa yo ki ale nan yon sans vètikal wotanba, espesyalman nan pami moun ki pa genyen menm estati, e sa yo ki ale nan sans orizontal dwat ak gòch ke ou jwenn nan pami moun ki genyen menm estati (kategorizasyon sa a haze sou Putnam, 1993).

Rapò ki ale nan yon sans vètikal wotanba yo, w jwenn yo le ou konsidere lafanmi an ak tout ke kousinaj ak an apre, nan lakou, nan rapò patwon-anplwaye epitou nan rapò ak moun ki pa fanmi tout bon vre (tankou parenn ak marenn). Rapò sa yo ekziste sitou pou pi byen garanti ak fasilite lavi moun e pou pèmèt fanmi a repwodwi tèt li. Manm Lafanmi ak tout ke sa a pataje antre yo byen, chay yo genyen sou kont yo ak risks yo pran. Rapò patwon-anplwaye, ak rapò lafanmi anjwèt sa yo reprezante yon estrikti proteksyon sosyal kote yon pov malere ka resevwa yon ti èd lè l gen yon gwo ka. Pou tèt sa, pov yo toujou chache devlope rapò fanmi ak moun ki pa fanmi yo tout bon vre men ki gen mwayen ekonomik oswa ki se manm enfliyan nan legliz.<sup>6</sup>

Nan zòn riral yo, fòm tradisyonel kapital sosyal la jwe yon wòl nan lavi prive moun yo tankou nan kò sòsyete a menm. Gwoup konbit pou travay ansanm, oswa gwoup pou zafè kredi, tou sa se yon seri mod òganizasyon moun yo mete kanpe pou pare pou sa demen ka pote. Souvan gwoup sa yo sèvi kòm pot-antre itil pou nouvo chanjman rive fèt nan fason zòn riral yo ap gouvènè tèt yo. Pa ekzanp, gen gwoup fanm ki reyisi jere trè byen gwo lajan kredi y ap kontinye resevwa pou envesti nan komès yo. Etid ki fèt sou teren an montre, gason ki patisipe nan gwoup travay pa woulman yo, gen plis tandans adopte metod travay ki tou nèt; yo gen tandans patitisipe ak lòt moun nan aktivite k ap fèt pou byen kominote kote y ap viv la; yo gen tandans ajè kòm lidè nan aktivite kominote yo. An jeneral, gwoup konbit sa yo, ak gwoup kredi yo, ki nan sektè enfòmèl la, kònn tounen gwoup fomèl k ap chache devlopman kominote yo.<sup>7</sup>

**Sou chimen yon estrateji pou devlopman riral.** Lè nou konsidere sitiyasyon lamizè nan zòn riral yo, ti pòsyon tè jaden ak jan abitan yo dwe konte sou lòt revni lajan ki pa sa ki sòti nan travay latè, yon keksyon ki vin pose se ki kalite estrateji pou devlopman riral peyi a ta dwe rapouswiv nan kat sektè sa yo?

- *Enfraestrikti.* Lè nou konsidere jan manke enfraestrikti tout kalite nan milye rural ayisyen an, si yo envesti nan sektè sa a, sa ta kapab kreye travay, diminwe soufrans lamizè a pou yon ti bout tan, epi pèmèt moun yo jwenn kòb pou mete nan travay latè ak nan lòt aktivite ki pa agrikilti. Envestisman sa yo nesesè sitou nan zafè wout, kominikasyon, nan sant kominotè ak nan bati lekòl.

---

<sup>5</sup> Li pa fasil pou yo jere kalite rapò sa yo. Pwosesis la anbivalan e negosyasyon jwe yon wòl enpòtan, tankou pwovèb kreyòl yo di: zanmi lwen se lajan sere, zanmi pre se kouto de bo, oswa sòt ki bay, sòt ki pa pran, oswa enkò men ale men vini ki fè zanmi dire.

<sup>6</sup> Nan pakèt etid etnografik ak kiltirèl ki fèt sou peyizan ayisyen nou kapab site: Bastien 1985, Comhaire-Sylvain 1961, Courlander 1960, D'Ans 1987, Herskovits 1971, Metraux 1951, Mintz 1961 ak 1974, Price-Mars 1926, SACAD ak FAMV 1993, ansanm ak disètasyon Conway 1978, Lowenthal 1987, Murray 1977, Smucker 1983, ak Woodson 1990 te fè.

<sup>7</sup> Konsilte White ak Runge 1994-1995; White 1997 sou Echanj Mendèv ak Wol Mendèv nan aktivite tèt ansanm ak nan jesyon kapital sosyal. Konsilte tou, Smucker ak Dathis 1996 sou Woulman nan Echanj Mendèv ak nan Kredi.

- *Latè.* Pa gen anyen ki k ap fèt nan zafè resous latè an Ayiti paske dabò tè a pa anpil, anapre konsantrasyon byen latè yo pa sitèlman gwo pou jistifye yon redistibisyon tè sa yo, epi tou paske pifò peyizan, menm sila ki pi pòv yo, se yo ki mèt tè yo. Poutan, ensekirite ki genyen nan zafè posede tè, rete yon pwoblèm, paske l dekouaje envestisman nan latè, ni l pa ankouraje regwoupman ti jaden pou mete kanpe pi gwo fèm agrikol ki gen plis avni ladan yo. Pou envestisman fèt nan latè, li nesèsè pou yo mete kanpe bon jan zouti lalwa ak enstitisyon lajistis ki djanm e ki mache pi byen.
- *Finans.* Feblès ki gen nan pwodiktivite agrikol la se konsekans dirèk feblès nan nivo entran ki achte e ki limenm se konsekans lajan woulman ki pa genyen oswa ki pa sifi. Pou ogmante fon woulman peyizan yo, fòk finans riral la devlope. Men si pa gen bon jan lwa, yon sistèm lajistis k ap byen mache, si moun yo pa ka bay tè yo kòm garanti, objektif devlope finans riral la p ap kapab tounen yon reyalyte. Si kredi nan milye riral la pa ka ogmante, sèl lòt chwa ki posib se konbine teknik konsèvasyon k ap pèmèt ogmante anpil pwodiktivite agrikol san pou otan ogmante depans kach yo, ak jefò san asistans ak ofofinansman peysan ap fè depi aktivite yo rapòte. Teknoloji sa yo senp e tout moun konnen yo. Objektif la se ta fè adopte yo nan anpil kote nan peyi a.
- *Resous moun.* Tankou nan lòt aktivite yo, prodiktivite nan milye riral la bloke akòz devlopman moun yo pa fèt ase. Sa rekonèt byen a klè ke prodiktivite agrikol gen pou wè ak nivo enstriksyon fondamantal la. Pou gen rezilta nan yon tan ki pa two lwen, fòk pousantaj granmoun ki kònn li ak ekri amelyore. Yon lòt bo, pwogram alfabetizasyon pou granmoun yo ta dwe mache ansanm ak kanpay pou aprann granmoun sa yo sèvi ak nouvo teknik pwodiksyon.

### Lamizè nan vil yo

Akòz posiblite yo ki pa anpil ak move kondisyon lavi nan milye riral la, anpil peyizan kite kote yo te tabli pou al nan lòt kote espesyalman nan Potoprens. An 1971, yo te kalkile gen 507.000 moun k ap viv nan Potoprens. An 1982, chif popilasyon an te monte a 720.000 e an 1995<sup>8</sup> li vin konte anviwon 2.000.000 moun. E kòm sèvis enfraestrikti ak lojman pa devlope ak menm vitès la, kalite lavi a nan vil yo vin deteryore seryezman. Mouvmman moun k ap sòti nan zòn riral yo pou vin tabli nan bidonvil yo espesyalman nan Potoprens pa janm kanpe. Chak lane, gen 13.000 moun ki soti nan tout kote nan peyi a pou vin tabli nan Potoprens.

Moun k ap kite zòn riral yo, pou vin rete nan sant vil yo, sa yo rele migrasyon an, rebrase kat distribisyon kapital resous moun nan peyi a. Lè nou konnen sitiyasyon ekonomik ki ekziste, posiblite pou jwenn travay, kondisyon zòn riral yo ak lavil yo, migrasyon an se yon mwayen moun sèvi pou amelyore kondisyon lavi pa yo. Gen de lè, migrasyon an kapab tou yon rezilta chwa politik ki fèt e ki bay lavil yo yon seri avantaj espesyalman lè gen gwo dezekilib ak distòsyon nan jan lajan leta a distribye pami divès rejyon nan peyi a. Nan sans sa a, lè nan bidjè nasyonal la yo prevwa bon jan lajan pou vil ki an dezyèm ak antwazyèm pozisyon yo, epitou bon

<sup>8</sup> Al konsilte Institut Haïtien de Statistiques 1971 ak 1982. Se nan resansman popilasyon ki tè fèt yo chif pou 1971 ak 1982 sòti. Sa pou 1995 pa fin ekzak nèt paske resansman pat fèt pou chache yo. Chif sa yo parèt nan liv Cayemites ak lot otè pibliye pou 1995 e yo te jwenn yo nan pwojè Pwogram Nasyonizini pou Devlopman, 1986 ki te sèvi ak foto yo te pran anlè, ak ankèt yo te fè sou lavifanmi yo, pou kakile ki kantite moun ki genyen nan popilasyon an.

jan fon pou ranfòse kapasite kolektivite teritorial yo pou yo ka bay pi bon sèvis yon manyè pi efikas, mesi konsa kapab redwi anpil valè kantite moun k ap debake chak jou nan Potoprens.

Dapre yon ankèt ki te fèt nan twa bidonvil ki nan sant vil la (Tokio, La Saline, ak St Maten), anviwon 2/3 nan popilasyon ap viv ak mwens pase 25 dola ameriken pa mwa. Sa fè Potoprens klase lan pami vil sou latè ki pi pòv yo. Bidonvil ak katye popilè tankou Site Soley, Lasalin, pote mak fabrik yon lamizè dènye degre, yon popilasyon ki tròp pou kapasite zòn sa yo, pa gen liyèn ki mete la sante moun an danje, san'n pa blye move kondisyon la vyolans. Aloske, lòt vil an dezyèm pozisyon tankou Okap, Gonayiv, Okay, te pran plis tan pou devlope pase Potoprens, yo soufri menm kalite pwoblèm yo, kit se manke kay pou moun rete, manke sèvis fondamantal tout vil sipoze genyen. Lòt 22 sant lavil ki pi piti yo gaye sou tout peyi a, yo gen menm kalite pwoblèm ki sòt dekri la pou vil sekondè yo, e jiskaprezan gouvènman santral la pa ba yo okenn atansyon.

Ogmantasyon rapid e san kontwòl popilasyon moun ki gen mwens mwayen nan vil yo lakòz yon bann bidonvil ap kale kote moun yo ap viv pil sou pil. Sa vin mete gwo presyon sou kèk grenn sèvis ak enfraestrikti ki te deja pat menm ase nan vil sa yo. Nan Pòtoprens, sou 100 moun pa gen 40 ki rive jwenn aksè pou dlo potab. Se menm bagay la pou lòt vil pwovens yo (dapre enfòmasyon komite kowòdinasyon Entè-Ajans genyen). Dlo potab yo kontamine ak mikwòb. Dlo kontamine reskonsab pou plis pase pase mwayen nan lanmò ti moun. Sa lakòz tou yon tyè nan timoun ki poko gen 5 an yo soufri ak malnitrisyon san rete. An Ayiti sistèm pou elimine fatra ak dlo sal ki fin sèvi yo pa anpil. Yon bon valè nan popilasyon an pa gen latrin, e kote ki genyen latrin yo, yo desèvi twòp moun alafwa ni yo pa kenbe yo nan bon kondisyon pou yo mache byen. Kanal drenaj ki pa kouvri ap charye eskreman moun ak tout vye kalite dechè nan pami moun, ansuit san ankenn tretman dlo dechè sa yo al devide nan basen vèsan ki alimante sous yo ki an apre soti tou kontamine. Nan pi fò vil yo, fatra fè pil nan lari, nan mache piblik yo ak nan kanal drenaj yo. Pil fatra sa yo tounen kay kote tout kalite vèmin ak bèt k ap bay maladi ap viv. Souvan nan sezon lapli, pil fatra yo lakòz tou gwo inondasyon. Move wout nan Pòtoprens lakòz anpil anbouteyaj ki koute anpil lè ou kalkile tout tan ki pèdi lè konsa. Gen delè ou blije mete plizyè èd tan depasman pou fè yon ti bout wout andedan lavil la.

Kay yo menm fin ap fin depafini, yo pa gyen bon kondisyon sanità ak liyèn, e yo gen twòp moun k ap viv ladan yo. Pi fò fanmi yo gen 6 moun oswa plis ki ap viv ladan yo, yo gyen kèk grenn byen et y'ap viv nan yon grenn pyès kay. Zafè monte bati kay sou tèren lot moun san otorizasyon rive fèt anpil. Kòm enstitisyon Leta fèb epi pa gen kadas ki di a klè pouki moun tè sa yo ye, byen souvan nan ka sa yo li vin difisil anpil pou ede veritab pwopriyete a oswa pwoteje tè leta yo.

Nan zòn lavil yo, moun yo mwens soude youn ak lòt paske popilasyon yo plis de pasaj epitou yo pipilis depann de yon ekonomi ki chita sou woulman lajan pase sou boukantay. Vin jwen'n ak mank prensip sosyal ak òganizasyon sivik nan zòn lavil yo pwoblèm lavil yo, pwoblèm moun gen nan lavil yo ankouraje krim ak vyolans, espesyalman nan mitan jèn yo. Lontan pifò zak kriminèl yo te byen siblè et yo te konsantre sèlman nan zafè kase ak volè kay moun. Jounen jodia zafè vòlè machin, vòl ak zam, asasinaj se bagay k ap fèt toulejou, menm nan katye kote moun ki gen mwayen yo ap viv. Ou jwenn timoun ki nan gang, k ap patisipe nan krim avèk granmoun tankou nan vòlè machin, nan kase kay. Feblès mwayen ki la pou fè respekte lalwa, vin kontre ak kapital sosyal ki ap diminye chak jou pipilis, ak posiblite pou jwenn zam pi

fasil, epitou ak zafè komès dwòg la, tout bagay sa yo vin lakòz rezilta vyolans sa a, espesyalman nan bidonvil yo.

Yon dènye aspè sou kalte lavi malouk moun ki abite nan vil yo, se sitiyaasyon fanm yo. Pwositisyon (fè jenès) tounen yon pwoblèm ki bay anpil kalkil. Li makonnen ak maladi moun trape nan fè sèks (MST) yo, ak ti jèn fi yo k ap tonbe ansent twò bonè, ak manman k ap mouri oswa kokobe nan fè pitit. Malgre gen metòd planing, kantite fanm k ap mouri nan fè pitit yo toujou trè wo (600 lanmò pou chak 100 mil akouchman). Pi fò lanmò sa yo soti nan avòtman ankachèt ki fèt nan move kondisyon<sup>9</sup>. Nan vil yo konsekans MST yo grav anpil. Anviwon 50 sou san fanm nan Site Solèy te soufri omwens de yon MST, epitou 8,4 pousan te gen jèm sida<sup>10</sup> nan san yo. 44 pousan fanm ki gen 10 pou rive 19 an te viktim vyolans nan safè sèks oswa vyolans fizik (dapre komite Entè-Ajans-Fanm ak Devlopmanman Nasyonzi). Menm si gen apeprè menm kantite tifi ak tigason ki ale lekòl, kantite fanm ki pa konn li ak ekri yo pi fò, sitou pami granmoun yo<sup>11</sup>.

Sila yo kap touche yon ti kòb ki pèmèt yo viv ak tout fanmi yo pa anpil. Pami popilasyon k ap travay yo, pi fò se nan sektè enfòmèl la yo ye kote y ap mennen yon ti biznis tankou fè ti kay, kondui machin transpò piblik, fè ti komès detay, bòn kay moun, oswa nan agrikilti.

An jeneral, mikwo-antrepriz yo an ayiti yo tou piti . Ou jwenn yon patron k ap dirije ak kèk anplwaye. Leplisouvan anplwaye sa yo se manm yon menm fanmi ou byen yo se travayè tanporè pou yon ti bout tan, se ka yon apretye, oswa yon travayè a plen tan. Nan mikwo-antrepriz yo, sa moun yo touche kòm salè varye anpil: pou agrikiltè yo se 738 goud pa lane pou yon fanmi, sa vle di 50 dola ameriken. Pou atizan yo se 2,100 goud pa fanmi, sa vle di 140 dola ameriken; pou pechè yo, se 4600 goud pa an, sa vle di 306 dola. Se yon ti gwoup fanmi<sup>12</sup> sèlman ki fè metye lapèch. Nan sektè enfòmèl la, nivo kalifikasyon ak fòmasyon moun yo an jeneral fèb. Plizyè òganizasyon non gouvènmanntal (ONG) gen nan pwogram yo pou devlope mikwo-antrepriz an Ayiti, e pou fè sa, yo chita sou kredi, sou enfòmasyon ak fòmasyon. Rezilta evalyasyon ki fèt sou pwogram kredi pou mikwo-antrepriz yo montre sepandan ke sa pa mache byen pase sa (referans dokiman teknik # 4).

Gen plizyè faktè ki anpeche antrepriz enfòmèl yo devlope kòm sa dwa. Nou ka site: sitiyaasyon ekonomik la ki pa bon pou yo e ki frennen pi fò aktivite ekonomik nan peyi a; enfrastrikti ki pa adekwat; kapasite limite pou sevi ak pwop byen kòm garanti epi feblès sistèm lajistis la.

<sup>9</sup> Anpil pwogram ki te komanse jwenn bon jan rezilta nan fè moun yo sèvi ak metod planing, an difikilte akòz yon pati nan èd yo te konn resevwa vin koupe.

<sup>10</sup> Enfòmasyon sa yo, se Biwo Ameriken pou Resansman (U.S. Bureau of the Census) ki te ranmase yo a pati baz done li genyen sou kontwòl maladi SIDA. Chif ayisyen genyen sou maladi sa a la depi 1992. Yo sòti nan yon estimasyon ki te fèt sou maladi a (VIH 1 et 2) ki te fèt sou yon ti echantyon. Pa gen enfòmasyon disponib pou fè konparezon pousantaj moun ki enfekte ak jèm SIDA gen tandans pou l pi wo nan katye pòv nan vil yo.

<sup>11</sup> Kantite timoun ki genyen ant 6 al pou 15 an ki ale lekòl se 73,6 pousan tigason e 73,5 pousan tifi: EMMUS-II 1994/95.

<sup>12</sup> Fondasyon Ayisyen pou Devlopman. Anpil enstitisyon ki bay mikwo-antrepriz yo kredi mande pou ranpli fomilè pou pran enfòmasyon sou gwosè biznis yo, kantite moun k ap travay ladan l, resèt brit yo. San anpil kòb pa depanse, enfòmasyon sa yo ta kapab trete pou sèvi nan estatistik.

## Mouvman popilasyon yo (Migrasyon)

Pandan lontan, mouvman migrasyon soti yon kote ale tabli yon lòt kote te reprezante youn gwo mwayen pou anpil ayisyen nan zafè pwoteksyon sosyal. Pi fò moun kite kay yo pou al viv yon lòt kote se akòz gwo pwoblèm ekonomik ak enstabilite politik ki genyen nan peyi a. Malgre moun yo pa gen garanti yo ap kapab jwenn yon travay oswa ke yo ap ka rantre nan peyi kote yo prale a, malgre yo pran gwo risk ak lavi yo, lè yo sèvi ak yon seri mwayen danjere pou kite peyi a (tankou « boat people » ki ap pran kanntè pa egzanp), anpil moun kontinye ap pati kanmenm.

Valè kantite moun k ap kite zòn rural yo pou vini lavil oswa pou ale nan peyi etranje enpòtan anpil. An 1995, te gen apeprè yon milyon edmi ayisyen ki t ap viv aletranje, espesyalman nan Etazini ak an Repiblik dominikèn<sup>13</sup>. Fenomèn migrasyon a te rive na pi wo degre l apre koudeta kont Aristid la nan lane 1991. Li vin diminye an apre an 1992, lè gouvènman ameriken an chanje politik li vizavi imigran ayisyen yo. Anndan peyi a, toujou gen yon mouvman regilye peyizan k ap kite andeyò a pou vin nan bidonvil yo, espesyalman nan bidonvil ki nan Pòtoprens yo. Yo estime chak lane gen 13 mil moun ki sòti tout kote nan peyi a ki vin tabli nan Pòtoprens. Anpil malere ki kite endyò lakay yo pou vin tabli lavil deklare yo fè sa akòz move kondisyon lavi andeyò a, (akòz siklòn, sechrès, pa gen ase tè jaden, pa gen lòt aktivite travay misapa travay nan jaden, manke manje (Ankèt sou kondisyon lavi pwovens 1994/95). Akòz chak moun k ap viv nan pwovens, gen yon moun ki rete lavil sa vin pa koute trò chè pou yon moun vin tabli lavil.

Menm si pa gen anpil enfòmasyon sou sa, nou konnen mak fabrik moun ki fè migrasyon yo. Moun ki kite Ayiti pou ale aletranje yo sòti nan tout kategori revni, eksepte nan kouch ki pi pòv yo paske moun sa yo pa gen mwayen pou vwayaje. Pami moun ki kite andeyò pou vin lavil yo, nou jwenn pòv yo tou. Migran yo gen tandans pou yo jèn, anviwon 70 moun sou san nan migran andedan peyi a gen soti 10 al pou 29 lane (Unicef, 1994: 47). Fanm yo ale plisouvan nan vil yo aloske gason yo plis pati aletranje. Gen plis fanm pase gason ki kite pwovens pou vin lavil paske posiblite pou jwenn travay andeyò a pa anpil e paske kalite travay yo ka jwenn lavil la swa nan ti komès, swa lakay moun represante jan de travay ki jeneralman rezève pou fanm sèlman (Plotkin 1984). Se sou menm baz sa a faktori yo nan vil yo pito anplwaye fanm alòske, vwayaje aletranje a konsidere kòm yon bagay danjere et ki plis asire pou gason.

Pakèt moun sa yo k ap plede kite peyi a, oswa zòn kote yo te tabli, gen divès konsekans sou ekonomi peyi a, sou mache travay la ak sou sitiyasyon lamizè a. Migrasyon an sèvi tankou yon soupap sekirite ki pèmèt diminie valè total pòv yo an menm tan li ede asire yon soutyen pou yon bon kantite fanmi ak tout transfè lajan moun ki pati yo ap voye. Pou sa ki gen pou wè ak zafè mache travay la, migrasyon ka kontribye ogmantasyon mank travayè ki gen bon jan kalifikasyon. Amezi tan ap pase ak pakèt sèvo ki fin pa ale yo, peyi a vin pa rete ak yon nivo kalifikasyon ki fèb. Sa lakòz tou yon bann fanm vin pa twouve yo sèl chèf reskonsab nan fanmi an, espesyalman nan vil yo. Sou chak 100 kay, anviwon 36 gen yon fanm pou kont li ki alatèt yo. Se menm pousantaj la nou jwenn pli ou mwens nan lòt peyi nan Karayib la (44 pousan an

---

<sup>13</sup> Pami yon milyon edmi ayisyen k ap viv aletranje yo konte gen 650.000 nan Zetazini, 500.000 Nouyòk, 60.000 Miyami, 50.000 Boston ak 30.000 Chikago, 55.000 nan Kanada, 800.000 nan Repiblik dominiken epi 40.000 nan Bahamas. Chache fouye nan Baez, Evertsz, ak Franc 1991.

Jamayik, 28 pousan an Giyan). Men chif sa a yon jan pi wo pase chif lòt peyi nan Amerik Latin nan.

Pa gen manti nan sa, pi gwo avantaj imigrasyon an se valè transfè lajan ki soti aletraje e ki estime nan bò zòn 250 al pou 350 milyon dola ameiken pa an, sa ki reprezante anviron 10 al pou 15 pousan PIB peyi Dayiti.<sup>14</sup> Pi fò fanmi k ap resevwa transfè sa yo viv nan lavil e se sèlman yon ti valè k ap viv nan zòn riral yo, espesyalman sila yo ki pi pòv. Fanmi kote se yon fanm ki alatèt yo resevwa plis kòb transfè pase lè se yon gason ki alatèt, petèt se paske se sitou gason yo ki vwayaje e ki ap voye lajan lakay yo. Men sanble enfòmasyon sa yo pa fin trò trò kòdyom. Anpil fanmi deklare yo resevwa mwens lajan poutèt yo pè Leta pa vin fè yo peye taks, pou vòlè pa vin atake yo oswa pou yo pa kreye pwoblèm pou moun k ap voye kòb la e ki byen souvan kòb ilegal nan peyi lòt bò dlo a (Fass 1991:29-30).

### **Presyon popilasyon an k ap ogmante ak konsekans sa genyen sou anviwonman an.**

Gwo kantite moun k ap fèt chak lane yo, espesyalman nan mitan pòv yo, ap angrave chak jou pi plis fenomèn lamizè a an Ayiti. Sa vin fè li pi difisil pou batay kont lamizè, pou investi nan moun ak pou chache yon devlopman ekonomik ki k ap dire lontan. Akòz presyon popilasyon an k ap ogmante, pi plis tè vin sèvi pou fè jaden, debwazman ak erosyon ap akselere pi red ak yon resilta final ki se diminisyon rannman ak prodiksyon agrikòl peyi a. Pou mete abse sou klou, lè yon fanmi vin pi long, li bezwen plis lajan pou achte manje, valè tan fanm ki nan fanmi sa a genyen pou mennen aktivite ki rapòte lajan vin diminie pi plis e sa ka lakòz tou pou gwo risk pwoblèm sante ki grav.

Avèk yon mwayèn 5 pitit pou chak fanm ki nan laj pou fè pitit, avèk yon popilasyon k ap ogmante chak ane nan 2,3 pousan, popilasyon peyi Dayiti an ta dwe double soti lane 1995 al pou rive 2025.<sup>15</sup> Valè 4,8 pou kantite pitit pa fanm nan peyi Dayiti se yon chif ki wo anpil. Pousantaj sa a pèn pi piti pase mwayèn 5,7 yo jwen'n nan peyi ki chita nan pati sid anba dezè Saara an Afrik, e li pi wo anpil pase mwayèn 2,8 nan peyi Amerik Latin nan ak lot peyi vwazinaj nan Karayib la tankou an Repiblik Dominikèn (2,9), Jamayik (2,4). Anviwon 25 pousan nan akouchman yo fèt twò pre youn dèyè lòt (mwens pase 2 lane), sa ki mete sante ak eta nitrisyonel manman an tankou pa pitit li a an danje. Sa ogmante tou posiblite pou yo mouri mouri pi bonè. Lè ou konsidere ke anpil nan pwogram planing ki finanse pa Gouvènman ayisyen an te sibi bon jan diminisyon nan bidjè yo, aktivite planing ta ka vini yon priorite pou èd k ap soti sou bò ajens entènasyonal yo.

Presyon popilasyon an ki ap kontinye ogmante lakòz debwazman rive nan yon dimansyon ki bay moun men nantèt ak kè sote. Moun yo koupe bwa pou yo jwenn tè pou fè jaden ak pou plante manje, pou jwenn bwa pou limen dife ak pou fè chabon. Kantite tè ki kouvri ak bwa ap vin pi piti chak lane ka soti 15 pou rive 20 milyon pye bwa ki koupe pa an. Pandan anbagò a moun yo te koupe plis pye bwa toujou. Lè sa a, malere lavil ak nan pwovens yo te blije chèche

<sup>14</sup> Yo kakile chif sa a detan yo pati ak lide gen 872.000 ayisyen k ap viv nan Etazini ki yo chak voye 200 dola ameriken, jan yo te fè sa an 1986. Anapre chif sa a double pou pran ankont transfè lajan imigre ayisyen ilegal yo ak filiè ki pa chimen fòmèl yo. Transfè lajan sa yo gen dwa fèt so fòm lajan oswa sou lòt fòm, tankou: machin, manje, mèb, aparèy menaje. Gade nan Tsilikounas, 1996.

<sup>15</sup> Gade nan Preeg, Ernest, 1996. Yo konstate gen yon gwo eka ant milye riral la ak lavil. Nan vil yo, kantite timoun yon fanm ka fè de fwa pi plis pase nan milye riral.

tout jan yo te ka fè yon ti lajan rantr epi tou gaz pa te ka rantr nan peyi a. Yo estime ke kote nan peyi a ki nan tan lontan te kouvri ak forè, chaje ak pye bwa disparèt pou environ 97 pousan. 25 sou 30 pi gwo basen vèsan ki ranmase dlo pou sous ak rivyè yo pa gen okenn kouvèti pye bwa ki rete ankò sou yo. Jounen jodi sa yo rele forè a tounen ti tach degrennen ki asosye ak kèk ravin an pant, gwo tèt mòn ak mangròv nan zòn lakòt yo bò lanmè. Akòz anviwònman an k ap degrade chak jou pi plis, pwodiksyon agrikol pa abitan nan peyi Dayiti pa janm sispann diminye depi lane 1970 yo. Pi red, ak kwasans popilasyon an ki li menm ap kontinye ogmante presyon sou tè a ap vin pi fò.

## **POUKISA MOUN KI POV YO RETE POV: GOUVENANS, ESTABILITE AK KWASANS**

Peyi Dayiti pa janm genyen yon tradisyon gouvènans ki genyen kòm objektif bay popilasyon an sèvis oswa kreye yon klima ki ankouraje yon kwasans ki p ap kanpe nan wout. Sa nou wè, se pito yon ti gwoup moun ki gen lajan k ap soutni yon « leta pi ajè » ki preske pa investi nan moun kòm resous nin nan enfraestrikti debaz. An menm tan, tradisyon represyon fòs lame, lapòlis, gwoup paramilitè fin pa kreye gwo mefyans ki chouke fon anpil ant sosyete sivil la ak Leta. Posibilite violans ki ka pete nenpòt ki lè toujou ap kontinye diminye chans pou janm genyen establi ak refòm global. Epi an plis, nan kilti nou, nou pa janm te abitye pran desizyon sou yon baz demokratik ni rive jwenn yon konsansis nasyonal nan yon fason pasifik. Sa kreye yon tansyon ant pouvwa ekzekitif ak lejislatif la epi tou bloke jefò pou remete peyi a kanpe.

Sistèm politik peyi dayiti a ap goumen pou soti nan kriz ki komanse depi rejim diktati divalyeris la kaba. Depi 1987, genyen 12 gouvènman ki pase nan peyi a, sa vle di apeprè yon gouvènman chak ane (wè tablo 2.1). Lè otorite sivil yo retounen sou pouvwa a an 1994, divès gouvènman ki pase yo eseye, ak yon nivo siksè limite, redefini wòl tradisyonel Leta epi tou desantralize gouvènman an. Nan lane 1991, epi apre lane 1994, Ayiti te oganize yon seri eleksyon lejislatif nan nivo lokal ak nasyonal. Nan lane 1995, gouvènman Aristid la te kraze lame a epi te kreye yon fòs pòlis nasyonal. Nan lane 1996, yon prezidan eli te pase mayèt la bay yon lòt prezidan eli.

Malgre demokrasi a ki tounen, wòl lidè gouvènman tojou pa kòm sa dwa, epi tou nivo konfyans popilasyon an fè gouvènman ret fèb. Retablisman gouvènman sivil la pa t fèt rapid akòz chirepit ki te genyen nan mitan enstitisyon leta yo, yon pouvwa ekzekitif ak yon palman ki pa genyen ni sipò ni eksperyans, pwoblèm mank komunikasyon ant de pouvwa sa yo, pwoblèm jistis ki pa rezoud, ensekirite, pwoblèm ekonomik, ansanm ak kriz bidjè ki pa janm vote epi difikilte ki mare ak chanjman an. Akizasyon koripsyon, abi pouvwa, vyolasyon dwa moun fè sityasyon vin pi malouk ankò.

Si nou gade listwa peyi Dayiti, Leta te toujou yon sistèm pèsònèl rejim gwo ponyèt ki chita sou yon seri relasyon pouvwa vètikal ki konsantre nan men yon sèl moun ki se prezidan peyi a. Andeyò sistèm kenbe pouvwa sa a, pas pouki ak piyay richès nasyon an, sèl sa ki rive fèt se yon devlopman enstitisyonèl limite ak kèk fonksyon (Bank Mondial 1997).

Jouk jounen jodya, sosyete a rete divise ak yon òganizasyon pa klas ki pa mele youn ak lòt. Malgre chanjman ki fèt pa trò lontan de sa nan zafè gouvènans la, malgre gwo pote kole popilasyon bay pou fè chanjman fondamantal nan sistèm la, mak fabrik Leta a toujou rete menm jan. Angwo, baz solid pouvwa vètikal la rete la djanm pandan 2 syèk ki sòt pase yo. Mak fabrik sistèm tradisyonèl la --kriz tanzantan pou ranplase moun sou pouvwa a, pa genyen ekilib ant pouvwa yo, lavil dominan andeyò nan zafè desizyon k ap pran yo, difikilte pou asepte moun ki pa sou menm bò politik ak yo, leta pi ajè, feblès enstitisyon piblik yo, ak ensekirite pèsònèl pou aktè yo nan pwosesis politik la-- ap rapouswiv epi ap frennen chanjman ki pou pote nan zafè sistèm gouvènans lokal la (gade dokiman teknik 9). Si pa genyen yon gouvènman santral ki djanm, jefò desantralizasyon yo p ap mennen okenn kote.

**Tablo 2.1. Gouvènman peyi Dayiti, 1957–97**

| <i>Administrasyon</i> | <i>Fonksyon ak non</i>                     | <i>Dat</i>                                           | <i>Kantite lane nan fonksyon an</i> |
|-----------------------|--------------------------------------------|------------------------------------------------------|-------------------------------------|
| 1                     | Prezidan François Duvalier                 | sòti 9/1957 rive 3–4/1971                            | 14 lane                             |
| 2                     | Prezidan Jean-Claude Duvalier              | sòti 3–4/1971 rive 2/1986                            | 15 lane                             |
| 3                     | Prezidan Henri Namphy (jant militè)        | sòti 2/1986 rive 2/1988                              | 2 lane                              |
| 4                     | Prezidan Leslie F. Manigat                 | sòti 2/1988 rive 6/1988                              | 4 mwa                               |
| 5                     | Prezidan Henri Namphy (gouvènman militè)   | sòti 6/1988 a 9/1988                                 | 3 mwa                               |
| 6                     | Prezidan Prosper Avril (gouvènman militè)  | sòti 9/1988 rive 4/1990                              | 20 mwa                              |
| 7                     | Prezidan Herard Abraham (gouvènman militè) | 3 jou nan 4/1990                                     | 3 jou                               |
| 8                     | Prezidan Ertha Pascal Trouillot            | sòti 4/1990 rive nan 2/1991                          | 10 mwa                              |
| 9                     | Prezidan Jean-Bertrand Aristide            | sòti 2/1991 rive 9/1991<br>sòti 10/1991 rive 10/1994 | 7 mwa an ayiti<br>2 lane nan ekzil  |
| 10                    | Premye Minis (1) René Préval               | sòti 3/1991 rive 8/1993                              | 29 mois                             |
|                       | Premye Minis (2) Robert Malval             | sòti 8/1993 rive 11/1994                             | 15 mois                             |
|                       | Prezidan Joseph C. Nerette                 | sòti 10–11/1991 rive 5/1992                          | 7 mois                              |
|                       | Premye Minis Jean-Jacques Honorat          | sòti 10–11/1991 rive 5/1992                          | 7 mois                              |
| 11                    | Pa genyen prezidan defacto                 |                                                      |                                     |
|                       | Premye Minis Marc Bazin                    | sòti 6/1992 rive 9/1993                              | 15 mois                             |
| 12                    | Prezidan Emile Jonassaint                  | sòti 6/1994 rive 9/1994                              | 3 mois                              |
|                       | Pa genyen Premye Minis                     |                                                      |                                     |
| 13                    | Prezidan Jean-Bertrand Aristide            | sòti 10/1994 rive 2/1996                             | 16 mois                             |
|                       | Premye Minis (3) Smark Michel              | sòti 11/1994 rive 10/1995                            | 11 mois                             |
|                       | Premye Minis (4) Claudette Werleigh        | sòti 10/1995 rive 2/1996                             | 5 mois                              |
| 14                    | Prezidan René Préval                       | sòti 2/1996 jous koulye a                            | 2 ans                               |
|                       | Premye Minis (1) Rosny Smart               | sòti 4–5/1996 rive 6/1997                            | 14 mois                             |
|                       | Pa gen Premye Minis depi jen 1997          |                                                      |                                     |

Yon sistèm jistis moun ka fè konfyans se yon bagay ki enpòtan non sèlman pou sekirite debaz popilasyon an, men tou, se yon eleman kapital pou devlopman ekonomik peyi a. Pou ekonomi yo sa devlope, fòk genyen regleman enstitisyonèl pou rezoud pwoblèm ant konpayi, sitwayen ak ant gouvènman yo, pou pote limyè nan konfizyon ki ka genyen nan entèpretasyon lalwa ak règleman yo, epi pou fè respekte yo (Bank Mondyal, 1977). Sistèm lajistis peyi Dayiti se pi gwo baryè pou sektè prive a devlope. Jounen jodya, sistèm nan pase mod e li pa adapte ak jan komès la ap mache. Gen kèk pwoblèm espesifik ki gen a revwa ak feblès dwa kriminel ak dwa sivil konsènan propriyete agrikol, piblik tankou prive ak anvironman. Fòk yo ta envesti nan sektè lajistis la pou yon devlopman enstitisyonel ki ta santre sou ministè lajistis, epi fòk jefò ta fèt pou fè sosyete sivil la patisipe nan chanjman k ap fèt yo, konsa pou moun ka pi byen konprann, asepte, apiye aplikasyon lalwa. Yon asistans teknik ak pi bon jan dialòg ak komunikasyon ta ede anpil Ekzekitif la ak Palman an.

### **Ki sa ki detèminen kwasans ekonomik peyi a**

Tablo 2.2 a montre ki jan kwasans ekonomik peyi Dayiti pa bay bon rezilta pandan 40 dènye lane ki sòt pase yo. Apre kwasans pa ane a te fè yon ti ogmante pandan rejim Divalye yo te

sou pouvwa, ou vin jwenn revni pa abitan pa sispann bese pandan ane 80 yo, pou l anpre plonje bese nèt al kole pandan ane 90 yo. Yon lòt kote, posantaj envestisman pa rapò ak PIB a ki te li menm rive kenbe nan yon nivo ki pa t pi wo pase sa anvan lane 1990 la, te komanse plonje desann anpil an apre pandan res period sila a.

**Tablo 2.2. Koefisyan kwasans ak envestisman, 1967–97**  
(pousantaj)

| <i>Peryòd</i> | <i>Pousantaj mwayen<br/>kwasans (%)</i> | <i>Pousantaj mwayen<br/>envestisman (%)</i> |
|---------------|-----------------------------------------|---------------------------------------------|
| 1967–85       | 2,50                                    | 13,31                                       |
| 1986–90       | -0,03                                   | 15,53                                       |
| 1991–97       | -1,76                                   | 9,45                                        |
| 1986–97       | -1,04                                   | 11,99                                       |

*Sous :* on monetè entènasyonal 1997.

Lè yo konpare valè pousantaj kwasans revni yon ayisyen ak pa lòt peyi nan zòn nan oswa lòt kote sou latè, nou ka wè a klè ki sa ki alabaz move pèfòmans ekonomik peyi Dayiti. Analiz la chita sou 2 pwopozisyon. Premye propozisyon an se ke, lè ou pran kòm baz yon nivo revni pa abitan, to kwasans revni pa abitan sa a gen pou wè ak nivo edikasyon popilasyon an (+ : sètadi l ap ogmante si nivo edikasyon popilasyon an monte), ak nivo pousantaj timoun ka p fèt pa fanm (- : sètadi l ap desana si nivo pousantaj timoun ka p fèt yo monte), ak nivo enstabilite politik andedan peyi a (- : plis genyen anpil enstabilite, pi plis l ap bese) epi ak fòs otorite lalwa ak gouvènans (+). Dezyèm pwopozisyon an vle ke, lè nou pran a la baz yon nivo edikasyon ansanm ak pousantaj timoun ki fèt epi kondisyon enstabilite politik la, to kwasans revni pa abitan sa a ap pi wo a mezi ke nivo revni pa abitan pi ba an patan<sup>16</sup>. Sa vle di peyi pi pòv yo ap kapab tire avantaj nan kapasite yo genyen pou yo rive jwenn peyi ki pi rich yo nan kous devlopman an (« konvèjans »).

Nou ka jwenn rezilta etid sa a an detay nan Anèks I. Estimasyon yo pèmèt nou konprann ki chanjman politik ki dwe fèt pou ogmante revni pa abitan epi tou pou fè lamizè bese. Pa ekzanp, (i) si tigason yo ale lekòl pandan apeprè yon ane anplis, kwasans ekonomik pa abitan an t ap ogmante de apeprè 1.3 pousan, (ii) si pousantaj kantite timoun ki fèt te ka vin 1.1 pousan pi ba, kwasans ekonomik pa abitan an t ap ogmante de anviron 1.1 pousan, (iii) si depans piblik yo vin 1 pousan pi ba nan PIB a, kwasans ekonomik pa abitan an t ap ogmante de 0.8 pousan, (iv) si amelioarsyon nan zafè lòd piblik monte 1 pwen pi wo --pa rapò a nivo l ye koulye a pou l pase nan yon lòt nivo na yon sistèm ki gen 7 nivo sòti 1 pou rive 7—kwasans ekonomik pa abitan an ap vini 0.5 pousan pi wo, e (v) si chif sou demokrasi yo monte 1 pwen --pa rapò a jan li ye koulye a pa rapò ta yon sistèm ki ale sòti nan 1 rive 7—kwasans ekonomik pa tèt abitan a t ap ogmante nan mezi 0,5 pousan pa rapò ta PIB a.

<sup>16</sup> Modèl la sèvi ak espesifikasyon Barro te premye prezante (nan ane 1991 ak ane 1997) pou estime ki sa ki alabaz revni mwayen pa abitan.

## Kwasan ekonomik ak diminsyon lamizè

Ekonomi peyi a ki pa fè yon pa douvan ak sityasyon lamizè k ap gaye kò l chak jou pi plis nan tout peyi a pa pwal disparèt konsa konsa nan yon sèl jou. Men kondisyon lavi moun ta ka vin miyò anpil epi lamizè ta ka diminye seryezman --nan yon tan ki pa twò long-- si te genyen yon establiite politik ak yon anviwonman ki ankouraje envestisman prive nan kapital fizik ak devlopman resous moun. Amelyorasyon rapid nan kondisyon lavi ki rive fèt nan sèten peyi Lazi ki yo menm tou pa t gen gwo revni sa pa fè twò lontan desa vin apiye sa nou di la yo.

Pa ekzanp, nan lane 1960, revni pa abitan nan peyi Kore te 883\$ ameriken (valè ajiste pou dacha ki se sa yon moun ka pab achte ak yon sèten kantite lajan), ki pa trò louen pa peyi Dayiti ki te 871\$<sup>17</sup>. Nan lane 1985, revni pa abitan peyi Kore te vin pase a 4.267 \$ ameriken

alòske pa peyi Dayiti a trouve l rete nan zòn 860 \$ ameriken; pandan dous lane ki sòt pase yo, eka sila kontinie vin pi gwo toujou. Gwo diferans ki parèt a klè knosa nan pèfòmans ekonomik 2 peyi yo gen pou wè anpil ak bon jan klima politik pozitif peyi Kore, yon klima ki pa t sispann ankouraje envestisman nan kapital fizik ak moun kòm resous. Pousantaj mwayen envestisman pa rapò a PIB a te 23,1 pousan pandan peryòd sa a, e kantite tan tigason ki ale swiv lekòl te ogmante nan valè 9 lane. Nan ka peyi Dayiti, klima politik defavorab te dekouraje envestisman nan kapital fizik ak nan resous moun. Pousantaj envestisman pa rapò a PIB te apeprè 5,8 pousan e valè mwayèn tigason ki ale swiv lekòl te ogmante sèlman pou 2 lane.

**Ankadremman 1: Kwasans ekonomik ak devlopman resous moun**

|           | 1960          |                                    | 1994          |                                    |
|-----------|---------------|------------------------------------|---------------|------------------------------------|
|           | PIB pa abitan | Tablo devlopman abitan resous moun | PIB paabita n | Tablo devlopman abitan resous moun |
| Ayiti     | 386           | 0.174                              | 226           | 0.338                              |
| Dominikai | 386           | 0.385                              | 839           | 0.718                              |
| Tayiland  | 300           | 0.373                              | 1703          | 0.833                              |
| Kore      | 520           | 0.398                              | 5210          | 0.890                              |

PIB/pa abitan en dola ameriken pou lane 1987

Sous: Rapò devlopman resous moun 1997, Nasyon Zini

Nan lane 1960, peyi Dayiti te genyen yon revni pa abitan ki te menm ap pa peyi Dominikani, Tayiland oswa peyi Kore. Men kondisyon edikasyon, lasante, aksè a sèvis debaz te pi mal anpil tankou nou ka wè li nan nivo trè ba tablo devlopman resous moun peyi Dayiti nan lane 1960. Move kondisyon sa yo ki te genyen alabaz ansanm ak pwoblèm grav gouvènans te mennen a yon devlopman ki diferan anpil nan pèfòmans ekonomik chak peyi sa yo anrejistre pandan 35 lane apre yo.

Lòt peyi tankou Endonezi ak Tayland rive diminie lamizè lakay yo nan propòsyon ki ale jiska 30 a 40 pousan pandan yon period 20 lane kote to kwasans anyel total la te rive nan zòn 5 pousan. Peyi sa yo envesti anpil nan fòmasyon moun kòm resous. Lè yo konsidere jan lamizè a gaye nan peyi Dayiti epitou jan kondisyon lamizè sa a gravman grav, fòk ta genyen yon bon jan to kwasans ki djanm e ki ta rive omwens na mezi 5 pousan pou lamizè a ta rive fè yon bon bese. Resiltat kèk kalkil rapid ki chita sou pliziè ipotèz valè to kwasans montre ke ak yon to kwasans global 3 pousan, lamizè nan pwovens t ap pase sèlman de 81,1 a 76,7 pousan pandan yon period dis lane<sup>18</sup> Yon lòt kote, yon to kwasans 5 pousan ta kapab fè lamizè a desann pou rive nan 67,7


<sup>17</sup> Se Summers ak Heston (nan ane 1991) ki te fè estimasyon sou pousantaj lajan ki rantrè pa abitan ak envestisman ki koresponn a PIB a. Alòske estimasyon sa yo chita sou enfòmasyon yo jwenn nan kontablite nasyonal yo, estimasyon yo te chita sou egalite nan pouvwa moun genyen pou yo achte sa yo bezwen pou rive bay yon sans a peyi yo konpare yo. Amwens yo di klèman pou kisa, kantite lajan ki rantrè pa abitan ak envestisman ki sèvi lòt kote pa rive ajiste egalite nan pouvwa moun genyen pou yo achte sa yo bezwen.

<sup>18</sup> Chif sa yo ki se chif yo pran kòm ekzanp sèvi ak rezilta ki sòti nan ankèt sou kondisyon lavi andeyò (pou zòn andeyò yo sèlman). Yo chita sou yon kwasans ki 1 rive 3 pousan pou depans moun yo fè pou yo konsome pa

pousan, malgre yon pousantaj konsa sa rete wo toujou, bès ki ta ale avè l nan ka sa a vle di an final ke apeprè 650 mil moun konsa nan pwovens yo sèlman ta rive soti anba lamizè (wè desen 2.1). Sou yon baz nasyonal, rediksyon lamizè ta ka pab menm pi wo toujou.

Realize to kwasans ekonomik sa a pap fasil men li rete posib. Nan lane 70 yo, to kwasans peyi Dayiti te toujou nan zòn 5 a 7 pousan pa ane. Sa ki te alabaz to kwasans sa a se sitou yon sektè prive ki te aktif anpil nan zafè ekpotasyon kilti agrikol ansanm ak nan izin soutretans vin kontre ak envestisman sektè piblik la nan enfraestrikti<sup>19</sup>

**Grafik 2.1. Projeksyon diminyon povrete nan zon riral  
yo sou baz to kwasans 3 ak 5 pousan**



Pou realize gwo to kwasans ekonomik sa yo nan peyi a, sa ta mande yon gwo ogmantasyon nan envestisman sektè prive a pou vin konplete pwogram envestisman sektè piblik la ki jounen jodya finanse pa asistans entènasyonal la. Ekzanp lòt peyi nan Amerik Latin la montre ke ak to envestisman jounen jodi a ki nan bò zòn 10 pousan PIB a, Ayiti pap ka rive jwen kwasans anyel 5 pou rive 7 pousan. Men, lè nou gade istwa peyi Dayiti ki pa gen trò lontan de sa, nou wè la enkò ke to envestisman pa rapò a PIB ki te byen pi wo te kòmanse, e ki donk ke sa ta dwe toujou posib. Nan fen lane 70 yo, pousantaj envestisman pa rapò a PIB a te apeprè 19 pousan, pousantaj envestisman prive pa rapò a PIB a te apeprè 9,2 pousan e 1/3 nan envestisman piblik yo te finanse apati resèt Leta.

Alòske kenbe establi kad makwo-ekonomik la se yon premye nesesitye, ekzekisyon pwogram kapitalizasyon, espesyalman teleko, elektrisite, dlo, pò ak aweropò, ta dwe bay envestisman prive bon jan bourad pou rive fè l sòti nan nivo fèb 3 pousan PIB kote li ye koulye a. Kontwol leta sou sèvis sa yo ak lòt sèvis lakòz devlopman sektè prive a deray epi tout vin lakòz

abitan (varyab sa a ranplase lajan ki rantre pa abitan) e yo pran kòm ipotèz yon ogmantasyon 2 pousan popilasyon an ak yon menm distribisyon lajan ki rantre. Sa ta vle di yon ogmantasyon richès 3 rive 5 pousan pou peyi a.

<sup>19</sup> Ranfòsman kwasans sa a pa t dire lontan paske gouvènman an te entèveni chak jou pi plis, menm si li p at fè l anfòs, nan enpoze politik nan domèn finans ak komès ki te bride sektè prive a epi ki p at ankouraje ekspòtasyon.

**gwo kalite kou ekonomik ak sosyal sou popilasyon an paske antrepriz piblik yo te mal jere e yo pa rive bay bon sèvis. Privatizasyon sektè sa yo ta fè ekonomi a vin plis pwodiktif. Se ta yon siy tou ki montre aklè angajman Gouvènman an nan redefini wòl Leta a ak nan modènize ekonomi a.**

## SEKTE PIBLIK AK BATAY KONT LAMIZE

Retou gouvènman sivil la sou pouvwa te reprezante yon lòt chans pou ekonomi peyi dayiti. Gouvènman an te tabli yon pwogram ijans pou remete ekonomi a kanpe, li te peye tout sa li te dwe ajans entènasyonal ak peyi etranje yo ki kon ap bay li bourad lajan, e li te tanmen refòm ki te nesèsè nan zafè politik ekonomik peyi a. Li te elimine sibvansyon pou achte gaz, anile tout kontwa salè anplwaye sèktè piblik la te siyen ak gouvènman militè a, aboli taks ladwan sou enpòtasyon, fè tarif enpòtasyon pase nan kategori 4 a 19 pousan, elimine limit yo te fikse sou to enterè yo, e te komanse privatize antrepriz piblik yo.

Malgre tout pwomès li te pote, bèl komansman sa a te vin frennen sèk byen vit ak demisyon Premye Minis Smarth nan mwa jen 1997. Kriz politik ki chita na peyi a depi lè sa a, vin konpromèt sipò èd peyi lòt bò dlo yo, lakòz gwo reta nan ekzekisyon refòm sèktè piblik la, lakòz tou privatizasyon an deraye, epi tou dekouraje investisman sèktè prive, e pou fini lakòz relans ekonomik la bwè lwil.

Yon pwogram pou elimine lamizè an Ayiti ta dwe kòmanse pa mete kanpe tout kondisyon ki pou asire yon kwasans ekonomik dirab ki pap kanpe nan rout. Pou sa posib, fòk enstitisyon ranfòse pou vin pi djanm, e fòk peyi a rive jwenn tou ak estabilite politik li. Sa se pi gwo pwojè ki ta ka bay pèp ayisyen pi gwo to rantabilite sosyal. San estabilite politik ak respè lalwa, pap ka gen kwasans ekonomik, lè fini san kwasans ekonomik, lamizè a ap kontinie ogmante pi plis. Dezyèm kondisyon alabaz ki pou reyalize tou, fòk yo ranfòse estabilite makwo-ekonomik la epi diminye tout kalite distòsyon pou ankouraje investisman sèktè prive epi tou ogmante pwodiktivite an. Twazyèm kondisyon alabaz se amelyore kalite depans piblik Gouvènman an ak depans pou amelyore fòmasyon moun kòm resous.

Men pou leve defi sa yo, Gouvènman pa genyen anpil mwayen ak resous, administrasyon piblik la pa djanm ase pou l byen sèvi ak ti mwayen limite sa yo Leta gen nan men l. Ositou li vin parèt pi enpòtant ankò pou gade reyalite a anfas, pou wè kisa Leta ayisyen ka fè ak kisa ki depase fòs li, epitou redefini wòl leta nan sosyete a. Fòk yo retounen egzaminen tout sipò asistans entènasyonal la nan peyi Dayiti. Kominote entènasyonal la bay anpil lajan, men an menm tan èd sa a mete anpil presyon tou sou yon sèktè piblik ki deja gen twop pou li. Le nou konsidere divès kalite fòm jan èd la bay, divès kalite kontepati ki resevwa l, ladan nou jwenn yon sèktè ONG ki djanm e byen òganize, komposisyon èd sa a (pifò landan l pa sèvi pou sipòte balans peman ki se dèt peyi a genyen pou sa li enpòte), epitou mank amonizasyon ki ekziste ant pwogram enstitisyon k ap bay èd la ak pwogram pa gouvènman an, tout bagay sa yo fin pa mete yon chay pwa senkant ki lou anpil pou kapasite sèktè piblik la ki deja limite nan zafè administre ak kowòdonnen valè limite resous ki disponib yo.

### **Ki sa ki pou fèt pou Gouvènman an ta vin pi efikas**

Gouvènman peyi Dayiti manke mwayen e li gen plizyè gwo defi pou l kontre pou rive met peyi a sou rail devlopman. Lè yo gade kesksyon yo sou baz tankou kantite revni taks Leta rantrè pa rapò a PIB a, oswa pousantaj depans Gouvènman pa rapò a menm PIB a, li parèt a klè ke kapasite Gouvènman peyi Dayiti limite anpil nan zafè bay sèvis menm sa ki pi de baz yo.

**TABLO 3.1. CHIF EKONOMIK KEK PEYI KI GEN NIVO REVNI KI BA  
NAN AMERIK LATIN AK NAN KARAYIB LA**

| <i>Peyi</i>        | <i>PIB pa abitan (\$EU)</i> | <i>An pourcentaj Envestisman</i> | <i>PIB a Resèt leta</i> | <i>Kwasans anyel PIB 1990-95</i> | <i>Resèt leta pa abitan (dola EU)</i> |
|--------------------|-----------------------------|----------------------------------|-------------------------|----------------------------------|---------------------------------------|
| Ayiti              | 250                         | 8,0                              | 8,0                     | -6,5                             | 20                                    |
| Nikaragua          | 380                         | 18,3                             | 21,3                    | 1,1                              | 81                                    |
| Ondiras            | 600                         | 23,2                             | 18,0                    | 3,5                              | 108                                   |
| Bolivi             | 800                         | 15,5                             | 23,0                    | 3,8                              | 184                                   |
| Guatemala          | 1.340                       | 17,6                             | 9,0                     | 4,0                              | 121                                   |
| Ekwatè             | 1.390                       | 19,7                             | 18,7                    | 3,4                              | 260                                   |
| Republik dominikèn | 1.460                       | 20,5                             | 14,8                    | 3,9                              | 216                                   |

*Sous : Rapò sou devlopman nan lemonn, Bank Mondyal, 1997.*

Tablo 3.1 a tabli konparezon ant sitiyasyon peyi Dayiti ak pa lòt peyi Amerik latin nan. Avèk apeprè 20 dola ameriken pa abitan (pou yon lane), resèt lajan Leta ayisyen koresponn pou sèlman 25 pousan pa peyi Nikaragua --ki se youn nan peyi ki pi pòv nan zòn la-- e apeprè 11 pousan pa peyi Ekwatè. Sou baz pousantaj PIB a, resèt lajan Leta konte pou lamwatye pa peyi Ondiras. Pi piti depans pou ki ta fèt pou pèmèt popilasyon rive jween yon sèvis sante minimòm t ap koute apeprè 12 dola ameriken pa abitan pa lane. Nan total, sa ta represante an gwo 5 pousan PIB a.

**Redefini wòl Leta.** Apre yon pakèt lane kote yo pat pran ka l, sektè piblik peyi Dayiti retrouve l fèb anpil jounen jodi a: anplwaye yo pa gen ni motivasyon ni mwayen pou yo travay; estrikti ki la yo pa apiye yon ekonomi modèn ki louvri sou vann byen ak sèvis, kapasite pou planifikasyon ak fkapasite pou planifikasyon ak pou prepare yon bidjè fèb anpil, epitou objektif yo mal defini. Feblès ak mankman sa yo antrave Leta nan bay popilasyon an sèvis debaz, nan ekzekite pwòje ki resevwa èd yo, epi kenbe lapè ak lajistis. Nan reflechi pou mete kanpe yon pwogram refòm, li ta itil pou gade 2 leson nou aprann nan eksperyans lòt peyi: bezwen pou fè koresponn wòl Leta ak mezi mwayen l gen nan men l, e nan kèk sektè ki chwazi yo, nesosite pou ogmante kapasite Leta, nan remete kanpe oswa nan modènize enstitisyon piblik yo (Bank mondyal 1997).

Nan ka peyi Dayiti, Leta pa gen anpil mwayen, kidonk, fòk yo ta byen egzamine kijan ak nan ki sektè li ta dwe entèvni. Ak mwayen limite sa yo e pou aksyon Leta a ta va gen pi plis resilta, li vin pi enpòtant pou byen konsantre sou gwozè ak rannamn aktivite sa yo. Domèn kote entèvansyon Gouvènman an esansyel se nan asire lòd piblik ak estabilite ekonomik, nan fè respekte dwa genyen pou posede byen, nan tabli règlemantè pou kèk sektè, epi nan kreye yon estrikti ki ta la pou bay pi plis ak pi bon swen sante primè ak edikasyon, ankouraje envestisman epi antretni enfraestrikti yo. Sa pa gen twòp sans pou Leta ayisyen ap kontinye entèvni nan pwodiksyon elektrisite oswa nan telekomunikasyon alòske li pa menm ka rive met lòd ni fè lajistis mache ni fè respekte dwa pwopriete.

Modènizasyon Leta a ap pèmèt enstitisyon yo byen ranpli wòl ki pi fondamantal yo yon fason pi efikas. Sa ki sipoze, yon pratik nan zafè planifikasyon politik ak estrateji, tabli nòm,

kontwòl kalite, kowodinasyon ak swivi aktivite yo, evalyasyon pèfòmans, epi fòmasyon pèsònèl. Sa ki rantrè anba labanyè modènizasyon tou se ranfòsman wòl sektè prive a nan bay sèvis epi asirans ke sosyete sivil la ap patisipe nèt al kole nan planifikasyon ak nan priz desizyon pou sektè yo. Fòk yo ta anvizaje privatizasyon sèvis ki pi enpòtan nan enfraestrikti debaz tankou dlo ak asenisman, elektrisite, e menm lasante ak ledikasyon, tankou yon mwayen pou fè yo mache pi byen an menm tan tou y ap diminye chay administratif ki chita sou zepòl Leta.

Sitiyasyon peyi Dayiti espesyal paske se sèl kote w jwenn yon pakèt ONG ak enstitisyon èd entènasyonal k ap entèvni nan bay byen ak sèvis piblik. Yon prensip alabaz nan tout kosepsyon entèvansyon Leta nan lavni ta dwe pou toujou resiste tantasyon ranplase pou met Leta kote prive ap bay bon jan sèvis piblik. Gouvènman an ak sektè prive a, yo chak genyen pwòp aktivite pa yo ki konplèmantè, e li nesesè pou defini bon jan modalite tou nèf e ki pou fasilite kolaborasyon sa a.

**Amelyore kalite investisman piblik yo.** Gouvènman an ak gwoup enstitisyon ki bay èd yo fè yon gwo jefò pou mete kanpe yon pwogram investisman nan sektè piblik la e ki te resevwa yon bourad nan bidjè a ansanm ak yon gwo asistans teknik pou ranfòse enstitisyon debaz yo. Lajan ki te dekese sot nan enstitisyon entènasyonal yo te rive nan valè 415 milyon dola ameriken pou lane fiskal 1996 ak 388 milyon dola ameriken pou lane fiskal 1997. Pou de lane sa yo, pwogram investisman ki finanse pa enstitisyon lòt bò dlo yo te debloke 217 milyon dola ameriken epi 193 milyon, valè ki se apeprè 7 pousan PIB a. Met sou sa, nan lane 1997, pwogram investisman Gouvènman ayisyen an te mete kanpe ak pwòp lajan pa l te rive mezi valè 34 milyon dola ameriken, sa ki rive koresponn a yon investisman total apeprè 227 milyon dola ameriken, (apeprè 8 pousan PIB a), youn nan pi gwo total investisman ki janm fèt.

Malgre enpòtans investisman sa a, kwasans pa ane PIB a pou 2 dènye lane yo te sèlman rete nan zòn anviron 1 pousan. Sitiyasyon sa pòte a reflechi sou de gwo keksyon. Pou komanse, sou ki mezi fòs tout bon vre yon pwogram investisman piblik de pa li menm sèl ka genyen, lè l rive nan 8 pousan PIB a --sa ki se yon valè ki wo anpil kelkelanswa estanda entènasyonal ki konsidere--, e ke li ta dwe fè kwasans la pi wo e pi djanm. Anapre, ak investisman sektè prive a ki diminye sa ki lakòz pa gen kwasans, li vin parèt plis a klè ankò ke pwogram investisman piblik jounen jodi a pa an korespondans ak anvironman makwo-ekonomik global peyi a, e ke petèt li ta merite rvwa a la bès. Pou di pi senp, ekonomi peyi truve l nan yon sityasyon jounen jodi a kote l pap kabap jwenn ase lajan pou l peye menm pou depans nòmal (tankou antretyen) ki ap gen pou fèt an rapò ak investisman tou nèf sa yo e ki pral bezwen bezwen antretyen nan yon tan ki pa two long.

Jan nou wè l, investisman piblik yo te genyen mwens enpak toujou pase sa yo te prevwa, petèt sa gen pou wè: (i) ak gwo reta yo pran pou ekzekite pwojè enfrastrikti kle yo, yo pa t rive mete sou kontròl degradasyon pwogresif kapital enfrastrikti nasyonal ki pa sispan diminye chak jou paske yo pa antretni yo, sa ki genyen petèt kòm konsekans final yon ti ogmantasyon minimòm (si tout lè fwa te genyen) nan prosesis fòmasyon kapital sa a; epi (ii) yon gwo valè nan investisman piblik sa yo toujou kontinye ale nan aktivite ki pa rapote anpil tankou antrepriz piblik ki pa mache byen ki pa genyen oswa ki genyen yon enpak ki fèb anpil sou kwasans ekonomik peyi a.

Malgre difikilte sa yo, gen rezon toujou pou moun genyen yon ti lespwa menm si se ak anpil pridans. Genyen yon pwogram envestisman piblik ki chita plis sou refè rout, enfrastrikti debaz ak sou anviwonman, e ki se yon bon baz. Alòske gen pwogram edikasyon, lasante, ak planing yap mete kanpe an menm tan ak sektè prive a, si yo rive ekzekite pwogram nou site pi wo yo yon fason pi rapid, sa ta kapab ede mete kante kapital enfrastrikti nasyonal ki nesèsè pou sipote yon kwasans ekonomik anyel ki ta nan zòn apeprè 4 oswa 5 pousan yo. Sepandan sa ap mande pou plis konsantrasyon sou mwens pwojè ki gen gwo priyorite. Malerezman, kriz politik la vin anpeche yon bon jan amelyorasyon nan kapasite Ministè Planifikasyon ak Finans, ministè sa yo te sipoze travay sou yon anpil nan kalite pwoblèm sa yo. Bidjè lane fiskal 1998 la pat rive pare, e travay pou prepare yon pwogram envestisman sou twa lane pou sektè piblik nan bi pou reyalize objektif Gouvènman an te bay tèt li (tankou nan dènye Dokiman sou Kad Politik) ki se kwasans dirab ki pap kanpe nan rout ak batay kont lamizè te pran gwo reta tou.

**Modènizasyon sektè piblik la.** Modènizasyon, espesyalman modènizasyon Ministè Finans ak Planifikasyon, ta kapab ede planifye politik yo epi byen kanalise lajan ki pou pwogram envestisman sektè piblik la. Peyi ki genyen sektè piblik efikas geyen pou mak fabrik yon gwo kapasite santral pou fòmile politik makwo-ekonomik ak estraterjik. Peyi sa yo genyen tou bon jan estrikti pou delege responsabilite, disiplin ak politik pou favorize diskisyon ant òganizasyon ki nan gouvènman, epitou relasyon enstitisyonèl ak aktè ki pa nan gouvènman an. Jan nou ka wè l nan tablo 3.1 an, modènizasyon règleman DGI ak ladwan ta kapab amelyore kapasite leta pou l ranmase lòt taks yon fason pou l ta rive kreye yon epay lajan nasyonal pou asire yon tranzisyon pazapa pou rive nan yon pwogram envestisman li mete kanpe ak pwòp lajan l.

Lòt travay ki genyen pou fèt anapre, se mete kanpe enstitisyon ki kapab bay sèvis nan tout peyi a, lavil tankou nan zòn andeyò yo tou. Aktivite pou fè fòmasyon pou ogmante kapasite kolektivite teritorial yon fason pou rive desantralize anpil na fonksyon yo, pou travay ak oganizasyon lokal ki eksiste sou plas e ki ap chèche konsève pi gwo kat datou sosyete a genyen nan men l --ki se kapital sosyal li--, tout sa nou sòt di la yo ap sèvi pou reyalize objektif yon bon gouvènans.

### **Kowodonasyon jefò enstitisyon èd yo ak ONG yo**

Bourad enstitisyon finansman yo bay peyi dayiti wo anpil. Lajan èd anyel ki dekese pou bay peyi a bourad te monte apreprè 20 pousan PIB a nan lane 1997. Pi fò nan èd sa a pase pa pwogram envestisman sektè piblik la ak yon gwo patisipasyon ONG nasyonal oswa entènasyonal nan bay sèvis. Sa pa na abidid pou wè enpòtans patisipasyon anpil enstitisyon sektè prive konsa nan ekzekisyon aktivite ki te toujou sou kont Leta. Malgre nou jwenn kèk feblès nan sektè sa a, patisipasyon li esansyel pou fè an sòt ke tout moun nan peyi rive a jwenn sèvis debaz. Malgre gwo kontribisyon enstitisyon ki bay lajan yo ansanm ak ONG yo fè ki an Ayiti, move kalite kowodinasyon ant enstitisyon sa yo ak Gouvènman an te antrave anpil efikasite travay yo.

**Enstitisyon ki bay èd yo.** Anviwon 20 gwo enstitisyon ki bay èd lajan ap travay an Ayiti. Yo chak genyen gwo kantite balans lajan ki pa dekese, anpil fwa yo retrouve yo san atann ap travay nan menm sektè e sou menm pwojè, epi plisye fwa yo genyen objektif ki ale nan menm sans. Asistans sila jwenn rout li nan pwogram envestisman sektè piblik la, oswa sipò lajan pou peye dèt peyi a fè pou enpòte pwodui l bezwen, asistans imanité, oswa nan bay sekirite dirèkman. Nan lane 1997, yo te konte 269 pwogram diferan nan domèn asistans teknik ak envestisman ki te

jwenn sipò lajan nan men enstitisyon entènasyonal bilateral oswa miltilateral: 43 te nan domèn zafè jesyon piblik, 39 nan lagrikilti, 31 nan ledikasyon, 29 nan dlo, asenisman, amenajman teritwa ak 27 nan lasante. Ladan yo, 110 pwogram te angaje valè total ki te monte mwens pase 2 milyon dola ameriken.

Pakèt entitisyon ki bay èd yo ak pakèt pwogram ki genyen nan prèske tout sektè yo, vin konplike alafwa jefò Gouvènman ak jefò enstitisyon sa yo pou asire yon kowòdinasyon nan nivo planifikasyon ak ekzekisyon aksyon yo, yon sityasyon ki kontribye pou anpil nan move resiltat jefò envestisman yo. Malgre ke nan kèk sektè enstitisyon èd yo te rive fòme kèk gwoup travay ki ta dwe pèmèt bay pi bon rezilta, gwoup sa yo pat twò aktif depi koumansman dènye kriz politik jen 1997 la. Malgre chak enstitisyon èd sa yo gen pou respekte manda entitisyonel li, yon apròch plis fokalize pou èd sa yo pou rive travay pito nan youn oswa 2 sektè non enstitisyon l, li toujou fè jefò pou rapousuiv, yon jefò ta dwe fèt bò kote chak enstitisyon ki bay lajan pou yo plis chita sou èd la, sètadi pou yo travay pito sou youn oswa 2 sektè ta pèmèt diminye enpòtans pwoblèm kowòdinasyon ak difikilte pou jwenn bon jan rezilta ak pi bon dirabilite nan pwojè yo. Nòmalizasyon pwosedi yo menm ak piplis boukantay enfòmasyon apati konsiltasyon pi regilye ta ka pèmèt pwojè yo bay pi bon rannman.

**Sektè ONG yo.** Wòl enpòtan ONG yo jwe nan bay sèvis prensipal eksplkasyon l nan nesite ki vin parèt a lokazyon divès kriz ekonomik ak politik peyi a travèse dènye lane sa yo, epitou anbago a te vin ranfòse wòl sa a. Menmsi ONG yo bay èd, fè lacharite ak asire sèvis sosyal depi nan lane 50 yo, entèkansyon yo vin ogmante anpil pandan 20 dènye lane yo. Pandan kriz 1992-94 la, dapre estimasyon yo, ONG yo bay 100 milyon dola ameriken kòm asistans ofisyèl pou devlopman. Tandans sa a rapouswiv, espesyalman nan sektè lasante, ledikasyon, dlo potab ak asenisman, epi tou nan sektè konstriksyon ak remete kanpe sou pye ti enfrastrikti lokal.

Nan anpil zòn riral andeyò ki izole, Gouvènman ayisyen an pa gen mwayen pou l rive bay sèvis la. Kidonk, ONG yo te pran responsablite reponn a bezwen popilasyon an. Yo gen anpil sèvis tou pou malere ki nan vil yo. Nan domèn lasante, ONG yo bay 50 pousan sèvis swen primè ak tretman. Nan zafè ledikasyon, ONG yo ak enstitisyon sektè prive ki travay sou baz pap fè lajan jere prèske 80 pousan tout lekòl primè ak sekondè. Nan sektè dlo ak asenisman, preske tout entèkansyon yo finanse atravè ONG yo.

An Ayiti, tout ONG yo pa genyen menm gwosè, yo pa òganize menm jan, ni yo pa genyen menm mwayen ak menm kapasite (wè dokiman teknik 8). Kalite sèvis yo varye anpil tou akòz pwoblèm kapasite enstitisyonèl ak teknik, enstitisyon k ap fè menm travay, epi mezi lajan yo resevwa k ap bese. Toutfwa, an gwo nou gen prè ke yon mas kritik gwò, mwayèn ak piti nan òganizasyon sa yo genyen yon pi bon dosye ak rezilta pase la pase la mwayèn, e ki anpatan ka absòbe plis lajan ke yo ka itilize ak plis efikasite e bay pi bon sèvis si yo te rive jwenn plis asistans teknik ak fòmasyon. Diferans ant aktivite yo, kantite enstitisyon k ap fè menm travay yo te ka bese si se òganizasyon ki nan alatèt yo rive jwe yon wòl pi enpòtan nan kowodone aktivite sa yo. Oganizasyon alatèt yo ta kapab ede ONG yo nan bay manm yo pi bon jan enfòmasyon, epi nan kowodone aktivite tankou fòmasyon teknik, jesyon ak ranmase lajan ki pou fèt pou anpil moun.

Pi devan, si pou yo ogmante kantite ak kalite sèvis y ap bay yo, sa ap mande pou yo ranfòse tout kapasite enstitisyonèl ak teknik sektè piblik la ak ONG yo. Sa ap mande tou pou yo

entegre pi byen sèvis ONG yo nan estrateji sektè yo tankou nan plan edikasyon nasyonal ak lasante. Li nesesè to pou genyen rapò pi fòmèl ant sektè piblik la, enstitisyon k ap bay lajan yo ak ONG yo nan pi bon jan kolaborasyon ak modalite travay ki tabli sou baz kontra.

## ENVESTI NAN RESOUS MOUN

An plis yon anviwonman politik ki ta ankouraje yon bon jan distribisyon efikas resous yo, envestisman nan resous moun se yon bagay esansyel pou elimine lamizè. Envestisman nan edikasyon, lasante ak eta nitrisyonel popilasyon an mete popilasyon nan pi kondisyon pou l travay ak bay pi bon rannman, li fè kondisyon lavi yo vin miyò e li ogmante revni pa abitan an. Amelyorasyon sistèm dlo potab, eliminasyon fatra moun pwodwi ak lòt fatra epi kreyasyon yon sistèm drenaj pou dlo lapli ak dlo sal ap ede diminye gwo pwoblèm sanità yo epi tou amelyore kondisyon lasante ak rannman.

Pi gwo defi Leta ayisyen tou nèf la genyen pou leve, se mete ogmante mezi valè resous ki pou ale nan bay sèvis sosyal, epi mete kanpe yon kad regleman ki la pou travay ak ONG ki sou teren nan ansanm ak sektè prive pou anfinal ogmante kantite ak kalite sèvis yo. Chapit sila a abode pwoblèm espesifik chak sektè ta bezwen rezoud pou amelyore kantite ak kalite sèvis yo e pou fè yo mache pi byen.

### Edikasyon

Kantite ak kalite sèvis edikasyon yo ba anpil. Mwens pase lamwatye popilasyon an pa kònn ni li ni ekri, epi se 63 pousan sèlman timoun ki genyen soti 6 pou rive 12 lane ki enskri lekòl. Nan zòn andeyò yo, chif la pi ba toujou, li se 23 pousan. Nan nivo lekòl segondè yo, pousantaj brit timoun ki enskri sitye a 22 pousan ak 55 posan total tout etidyan lekòl segondè yo ki trouve yo rete nan zòn Potoprens. Lè nou konpare chif sa yo ak pa lòt peyi Amerik Latin ak nan Karayib la, nou wè ke to mwayen pa yo pou moun ki pa kon li se 15 pousan, epi pousantaj brit enskripsyon pou primè ak segondè (elèv ki pi gran pase laj yo dwe genyen pou klas la) estime a 107 epi 52 pousan.

**Estrikti ak distibisyon ekitab.** Se sektè prive a ki bay pi fò sèvis edikasyon. Jounen jodya, lekòl prive konte pou anviron 75 pousan elèv ki enskri nan primè ak 82 pousan nan sa ki enskri nan segondè. Chif sa yo wo paske depi lontan leta pa preske fè anyen pou sektè sa a e kòm konsekans, sa te favorize anpil ONG ansanm ak sektè prive a patisipe nan ledikasyon peyi a.

Genyen gwo diferans nan kalite sèvis edikasyon yo. Yon ti gwoup lekòl prive lelit nan tèt lis la bay pi bon kalite ensèyman, nan mitan w jwenn lekòl piblik yo epi pi fò lekòl prive yo anba nèt. 10 pousan sèlman nan lekòl prive an Ayiti genyen yon lisans pou fè lekòl primè, 1/3 sèlman kapab fè lekòl segondè. 2/3 lekòl prive yo se lekòl pè, frè ak mè, kote pi fò ladan yo plase sou sipèvizyon FONHEP ki se Fondasyon Ayisyen Ansèyman Prive. FONHEP ki nan peyi a depi lane 80 yo, ede kanalize resous lajan ki sòti lòt bò dlo, li asire fòmasyon pou mèt yo epi li bay mèb pou lekòl yo ak materyèl pedagogik.

Se sektè prive a ki bay lajan pou pi fò depans ki fèt pou ledikasyon. Nan lane 1995-96, depans sektè prive te fè nan sèvis ledikasyon te rive 12,5 pousan PIB a, alòske depans piblik yo te rive anviron 2,5 pousan. Depans sektè prive kouvri enskripsyon, frè ekolaj ak ekzamen, inifòm, liv lekòl, manje ak lòt founiti (gade Rodd, 1997).

Depans piblik yo fè pou ledikasyon montre yo panche pou bay lekòl ki nan vil yo plis avantaj. Nan total 2,5 pousan PIB Gouvènman an depanse pou ledikasyon, 20 pousan sèlman ale nan zòn andeyò yo kote 70 pousan popilasyon an ap viv. Depans dirèk ki fèt anmwayèn pou chak elèv chanje anpil selon zòn nan epi kategori lekòl yo. Sa montre tout moun pa gen menm chans pou resevwa ledikasyon. Nan ane 1993, depans dirèk pa ane pa elèv te 68 goud nan pwovens epi 256 goud nan vil yo (gade tablo 4.1 ak 4.2). Menmsi lekòl piblik yo sipoze gratis, lè mezi lajan bidjè ministè a bay jis kont pou peye pwofesè yo sèlman, pou lòt depans yo, anpil fwa dirèktè a mande paran yo peye yon kontribisyon.

**TABLO 4.1. DEPANS DIREK POU LEKOL PA ANE PA ELEV, PA KATEGORI LEKOL**  
(an goud, 1993)

| <i>Provens</i> | <i>Lekòl katolik</i> | <i>Lekòl pwotestan</i> | <i>Lekòl layik</i> |
|----------------|----------------------|------------------------|--------------------|
| Atibonit       | 75                   | 83                     | 125                |
| Sant           | 43                   | 41                     | 55                 |
| Grandans       | 56                   | 59                     | 53                 |
| Nò             | 170                  | 89                     | 111                |
| Nòdès          | 67                   | 64                     | 105                |
| Nòdwès         | 76                   | 86                     | 129                |
| Iwès           | 226                  | 191                    | 341                |
| Sid            | 76                   | 79                     | 75                 |
| Sidès          | 49                   | 64                     | 74                 |
| Total          | 108                  | 100                    | 167                |

*Sous : FONHEP 1994*

**TABLO 4.2. EKA ANT ANDEYO-LAVIL NAN DEPANS DIREK PA ANE PA ELEV**  
(an goud, 1993)

| <i>Zòn</i>             | <i>Depans chak lane pou<br/>chak elèv</i> |
|------------------------|-------------------------------------------|
| Andeyò                 | 68                                        |
| Bidonvil ki nan vil yo | 213                                       |
| Vil yo                 | 256                                       |
| Mwayèn nasyonal        | 128                                       |

*Sous : FONHEP 1994*

**Kalite sèvis yo ak efikasite.** Fòmasyon yo bay nan lekòl peyi Dayiti yo fèb anpil. Yon endikatè sou move kalite edikasyon sa a chita sou nivo efikasite alantou lekòl primè ak segondè ki ba anpil e ki gen kòm konsekans yon gwo pousantaj elèv ki pi gran pase laj elèv klas la sipoze genyen. Sou 100 elèv ki rantre nan premye ane, se 43 sèlman k ap rive nan senkyèm ane, epi 29 sèlman ap rive nan sizyèm ane (Ministè ledikasyon, 1995: 29-31). Sou 1000 timoun ki rantre nan premye ane premye sik, 38 sèlman fini lekòl segondè. Gen anviwon 12 pousan timoun ki double nan chak klas epi 10 a 15 pousan ki kite lekòl nan nivo chak klas. Mwatye elèv primè pi gran pase laj elèv klas la sipoze genyen. Sou 100 elèv, gen 89 ladan yo ki nan senkyèm ane, kote elèv yo genyen anmwayèn 15,3 lane pa rapò a laj yo ta sipoze genyen ki se 11 lane.

Sa ki lakòz move kalite sa a se pakèt pwofesè ki pa kalifye epi ki pa enterese nan sa y ap fè, pa gen liv, pa gen kowodinasyon nan preparasyon pwogram lekòl yo ak materyèl pedagogik yo, epi pa genyen bon jan enstalasyon. Yon ekzamen sou lang franse yo te bay pa gen twò lontan montre 1/3 profesè lekòl primè pa kòn kijan pou yo klase mo pa òd alfabetik<sup>20</sup>. Sou 100 pwofesè, genyen 80 ki yo pat kòn sèvi ak fòm pasiv an franse. Sou 1200 pwofesè yo, se 41 (3.5 pousan) ki te kapab fè operasyon aritmetik debaz pwogram 4èm ane an (chif ministè ledikasyon). Lè nou jwenn otan pwofesè ki si mal prepare, nou pa sezi wè sou 100 elèv, gen mwens pase 20 ki pase nan bakaloreya nan mwa jen 1996. Bagay enpòtan ki pa genyen tankou materyèl pedagogik limite tou kapasite pou moun aprann lekòl.

**Kesyon sou estrateji.** Leta ayisyen genyen kòm defi pou l ogmante kantite ak kalite anseyman fondamantal la. Men lè yo ogmante kantite resous sektè piblik la pou ledikasyon, sa pa vle di pou yo ogmante kantite sèvis piblik ledikasyon. A byen kalkile, lè nou konsidere entèvansyon remakab sektè prive a nan ledikasyon, itilizasyon bon, bourad prete lajan ak transfè direk bay fanmi ki pòv yo ta kapab yon mekanis ak anpil pisans pou ogmante kantite ak kalite sèvis edikasyon yo. Gouvènman an ta kapab konsantre jefò l sou planifikasyon sektè a, sou tabli objektif pou pi bon jan kalite, bay fòmasyon, ankouraje kolaborasyon ak ONG yo nan sèvis y ap bay, epi siveye pou wè si sèvis yo rive nan zòn ki lwen yo. Pi bon jan kalite sèvis pa vle di poutan pou yo ta tabli yon seri nòm minimòm ke sèl yon ti ponyen lekòl sèlman ki deja eksiste ta dwe respekte. An reyalyte, fòk yo ta aksepte diferans ki genyen nan kalite sèvis yo tankou yon bagay ki deja tabli, e yo dwe dirije jefò yo pou eseye amelyore kalite pòsyon ki anba nan tablo a nan met kanpe yon sistèm ensitasyon ak ankourajman ki byen kalkile.

### **Lasante ak nitrisyon**

Kondisyon lasante an Ayiti pami sa ki pi move nan emisfè oksidantal la. Konsekans negatif move kondisyon lasante, move eta nitrisyonel ak gwo pousantaj timoun ki ckak fanm fè bay anpil kè kase sitou konsènan timounyo ak fanm ki gen laj pou fè pitit. Lòt tèt chaje pou sektè piblik la genyen pou wè ak gwo chaj maladi atapan nan kontak ak yon moun ki malad deja oswa maladi yo pran nan jèm mikwòb tankou palidis, tibèkilòz ak SIDA epi maladi moun trape nan fè sèks.

Alòske tradisyonèlman kondisyon lasante an Ayiti pat janm bon pa rapò a nòm isyel yo, sitiwayon a vin angrave akòz pwoblèm politik epi kriz ekonomik anbago a pwovoke. Pa ekzanp, ant lane 1990 al pou 1993, akòz sanksyon ekonomik yo te mete sou peyi yo, posantaj lanmò timoun ak tibebe na tete te ogmante nan mezi apeprè 32 pousan nan zòn Mayisad (Harvard School of Public Health 1993). Yon lòt etid montre posantaj timoun ki klase kòm timoun ki gen gwo pwoblèm malnitrisyon pase soti nan 2 pousan anvan koudeta pou l rive 16 pousan pandan period anbago a (Nutrition Center 1995). Defi sektè lasante gen pou leve jodya se rive fè kantite ak kalite sèvis yo vin miyo.

**Lasante ak eta nitrisyonel.** Lasante ak eta nitrisyonel timoun pat janm bon anpil an Ayiti jan w ka wèl nan gwo pousantaj timoun ki mouri. Malgre yon gwo amelyorasyon nan kantite tibebe ki mouri ant 1977-92, posantaj timoun ak laj yon lane ki mouri anvan yo rive gen 5 lane

---

<sup>20</sup> Se ministè ledikasyon ki te pare ekzamen sa a yo te bay yon echantyon 1200 pwofesè lekòl prive ak piblik, nan mwa mès 1996.

ogmante depi fen lane 80 yo. Sa ki prensipal lakòz lanmò timoun laj soti 1 an pou rive 5 lane se dyare (37 pousan), malnitrisyon (32 pousan), enfeksyon respiratwa egi (25 pousan). Ogmantasyon to lanmò timoun piti sa a gen pou wè ak dènye deteryorasyon ekonomi a ak anviwonman an, epitou ak sitiyasyon nitrisyonel frajil pi fò fanmi yo, sitou nan peryòd ki swiv koudeta a. Lòt pwoblèm malouk tankou gwo pousantaj timoun ki fèt ak prezans malnitrisyon te deja diskite nan premye chapit la.

**Aksè, zòn ki kouvri ak kalite sèvis lasante yo.** Yon aksè ki limite, yon move kouvèti ak yon kalite sèvis ki pa kòm sa dwa se mak fabrik sistèm swen lasante nan peyi Dayiti. Se sèlman lamwatye popilasyon an ki rive jwenn sèvis lasante, jan sa parèt a klè nan pousantaj kouvèti sèvis yo ki fèb anpil. Menmsi pousantaj timoun ki pran vaksen ogmante nan dènye lane sa yo, li rete youn nan pousantaj ki pi fèb sou latè, ak anviron 25 pousan timoun ki vaksinen. An jeneral, kalite sèvis yo pa bon, sitou nan sant sante piblik yo. Enfraestrikti fizik la kraze, epi mank medikaman esansyèl, ekipman ak materyèl anpeche yo bay sèvis. An gwo, depans total yo pa ase, e yo mal sèvi ak ti valè resous ki disponib yo. Jan sant sante yo ak moun ki fòme ansanm ak materyèl yo distribye nan kat kwen peyi a montre yo favorize moun nan vil yo, menm lè kondisyon lasante anmwayèn pi mal nan zòn andeyò yo pase nan vil yo.

Lè yo kalkile sa sektè piblik la ansanm ak sektè prive a depanse nan lasante, total tout lajan sa yo monte apeprè 150 milyon dola ameriken, sa vle di 21 dola ameriken pa abitan. Nan peyi afriken ki na pati sid dezè Saara a, depans lasante pa abitan monte 38 dola ameriken epi ann Amerik Latin se 202 dola ameriken ki depanse. Depans sa yo ba e sitiyasyon an vin angrave akòz feblès ki sòti nan andedan sistèm lan menm: apò yo pa souvan an korespondans epitou yon move balans nan konbinen sèvis ak bezwen lasante.

Lòt pwoblèm sektè lasante gen pou wè ak règleman yo ki pa adapte e ki anpeche yo planifye yon fason ki òganize pou abòde beswen esansyèl popilasyon an, oswa ak mank kowodinasyon nan aktivite ki resevwa lajan nan men enstitisyon ed yo e ki genyen kòm resiltat repetisyon ak gaspiyaj.

**Kesyon estratejik.** Defi Leta ayisyen gen pou leve se ogmante kantite epi amelyore kalite sèvis swen sante primè yo au mwayen : (i) redirije resous lòt pwogram sante nan sante primè, (ii) tabli mekanis don kontepati pou ankouraje lakomin ak ONG bay sèvis nan nivo lokal yo; epi (iii) ranfòse wòl reglemantè Gouvènman an genyen. Nan dokiman teknik 5 la, yo diskite kèk rekomandasyon sa yo an detay.

## **Dlo ak asenisman**

Rive jwenn dlo potab --yon faktè detèminan alabaz maladi moun trape nan move jèm mikwob—rete difisil anpil menm diminye pandan dènye lane yo soti nan valè; dapre kèk estimasyon, 60 pousan pou moun ki te viv lavil nan lane 1985, pou rive piba ke 30 posan pou period 1990-95 la. Nan ka moun ki nan pwovens yo, pousantaj 30 pousan nan lane 1985 rive bese nan mwens pase 25 posan nan menm period la. Sa ki ta prensipal lakòz sitiyasyon sa a, se ke sanble mouvman migrasyon yo kouri pran douvan investisman yo. Tan ak sa sa koute pou rive jwenn dlo a fin pa vin wo anpil, avek de konsekans direk sou prodiktivite popilasyon an. Se sèlman nan vil ki pi enpòtan yo nou jwenn sistèm asenisman dlo sal, e yon bon kantite moun nan popilasyon an pa gen latrin. An jeneral latrin sa yo sèvi twòp moun alafwa e yo mal antretni.

Latrin ki pa genyen ase a lakòz kontaminasyon dlo potab ak maladi ki vin ak sa. Sitiyasyon sa a se yon menas tou pou lasante popilasyon an.

**Distribisyon sèvis yo.** Sèvis piblik ki bay dlo, fè asenisman epi elimine fatra genyen yon estrikti ofisyèl epi ki konsantre yon grenn kote. Yo pa bay ase sèvis e ke ou pa ka fè konfyans. Nan katye pòv yo, yo pa preske bay sèvis sa yo. Tankou nan sèktè lasante ak edikasyon, enstitisyon ki bay lajan yo ak ONG yo te fè yon pakèt pwojè pou ranje sitiyasyon sa a. Gwoup yo kolabore ant yo e ak otorite piblik yo pou bay lajan, planifye, fè investisman tou nèf nan sèktè a oswa fè yon sèl antretyen enstalasyon yo. Tankou pou lòt sèktè yo, investiman ki fèt nan pwojè yo gen tandans fè pas pouki sou kote yo tabli sèvis yo, kalite travay ak sèvis espesifik ki mete kanpe, epi sou nivo kalite sèvis yo bay la tou. An jeneral, pwojè yo ekzekite san yo pa menm genyen yon plan global ak tout objektif e priyorite oswa prensip ki adopte pou rejyon, sèktè a oswa kominote yap desèvi a. Promotè projè sa yo bay lajan a an jeneral sou fòm yon don pou yon bout tan san pa sousye mete kanpe yon mekanis pou ranmase kòb ki ka kouvri depans operasyon pwojè a. Resilta a se ke pwojè sa yo pa ka dire lontan. De plis an plis jounen jodia, se sitiyasyon ki kòmanse chanje. Nan kèk ka, ONG yo ekzekite kalite pwojè sa yo ki resevwa yon pati don men yo ekzije tou yon kontribisyon nan men popilasyon ki benefisiye sèvis sa yo.

**Estrikti jiridik.** Yon lòt pwoblèm w jwenn ankò nan sèktè se kesyon estrikti jiridik la ki chita sitou sou enstitisyon santral yo pou pran desizyon ki gen pou wè ak planifikasyon, investisman, eksplwatasyon ak antretyen nan nivo lokal. Se oganis gouvènman santral yo ki decide ki sa ki pou pwodui, kote pou yo pwodui e konbyen pou yo peye pwodwi a (oswa sèvis la). Menmsi lameri yo responsab ranmase fatra (epi otorize fè asenisman debaz), yo pa genyen resous pou investi, yo pa genyen ase bidgè pou travay e yo pa otorize touche ni jere kòb izaje yo oswa taks lokal yo pran pou avantaj yo bay.

**Kesyon estratejik.** Pou pi devan, defi a se desantralize sèvis yo epi refòme estrikti jiridik ki la a pou pèmèt gouvènman lokal yo fè izaje yo peye yon redevans oswa pou yo ranmase taks lokal ki pou kouvri avantaj sèvis dlo yo resevwa.

## TRANSFE AK ESTRIKTI PROTEKSYON SOSYAL

An plis yon kad makwo-ekonomik ki ankouraje kwasans ekonomik ak investiman pou amelyore kalite lavi, yon estrateji pou batay kont lamizè kapab genyen ladan l tou entèvansyon ki byen kalkile byen kalibre ak transfè revni lajan pou moun ki pi pòv anpil yo.

Aprè retou demokrasi a nan lane 1994, kominote entènasyonal la vin ogmante jefò yo pou ede Gouvènman ayisyen an nan pwogram ijans Leta mete sou pye pou transfè revni ak proteksyon sosyal pou fasilite lavi moun. Pou rezoud pwoblèm ki te kreye deske moun yo te rete lontan san yo pa touche e san yo pa te gen travay ansanm ak gwo deteryorasyon enfraestrikti debaz la, pwogram sa yo an jeneral, te eseye kreye djòb, remete kanpe enfraestrikti ekonomi ak enfraestrikti sosyal yo, ranfòse enstitisyon ak òganizasyon ki nan peyi a nan nivo lokal owsa nan nivo kominote yo epi distribye èd alimantè dijans (wè dokiman teknik 7). Kèk pwoblèm kle ki mare ak ekzekisyon pwogram sa yo diskite nan paj ki anapre yo.

### **Pwogram pou kreye djòb ak revni lajan, repare enfraestrikti ak ranfòse enstitisyon yo.**

**Pwojè pou kreye djòb ak revni lajan.** Depi 1994, yo te konsevwa epi ekzekite omwens 10 pwojè ijans pou kreye travay. Pandan peryòd 1994-97, apeprè 300 milyon dola ameriken te ale nan kalte pwogram sa yo. Pifò ladan yo te konsantre sitou sou kreyasyon djòb pa lentèmedyè kalite travay ki mande anpil moun. Pwogram sa yo te rive kreye apeprè 1 milyon moun-mwa djòb pandan yon ti bout tan pou travayè ki pa genyen oswa ki genyen jis yon ti kras kalifikasyon; pwogram sa yo te rive benefisye apeprè 3 milyon moun, ki se anviron 42 pousan popilasyon peyi Dayiti.<sup>21</sup> Kòm pi fò moun yo te bay travay yo te anplwaye lòt kote anvan, li te pi difisil pou konnen ekzakteman ki rezilta net djòb ki te rive kreye tout bon ak kòb enstitisyon entènasyonal yo te bay. Salè anplwaye yo te touche pa jou te chanje pandan period 40 mwa ekzekisyon pwogram sa yo, soti 1,30 dola ameriken pou rive 2,40 dola ameriken. Sa vle di yon ogmantasyon salè minimòm ofisyèl moun touche pa jou ki te pase a 36 goud nan mwa me 1995 (\$2.40 ameriken). Sa reprezante apeprè 48 dola ameriken pa moun pa mwa. An mwayèn, 20 pousan anviwon djòb yo te te lae nan men fanm yo. Fanm yo t ap travay piplis nan aktivite tankou bwote dlò ak materyo konstriksyon, pafwa yo te fè djòb sipèvizè epi yo te fè lòt travay tou.

Moun ki te jwenn travay yo te rapòte an apre ke ak lajan yo te rive fè a yo te sèvi ak li pou achte manje, pou peye lekòl timoun, pou fè reparasyon nan kay yo, achte bèt, komanse yon ti komès oswa peye dèt yo te genyen. Nan kèk ka kote òganizasyon kominotè yo djanm, lajan yo rive sere nan kòb yo te touche nan travay HIMO yo (travay ki fèt ak anpil moun) te pèmèt gwoup yo komanse kèk ti pwojè kominotè tankou konstriksyon yon lekòl kominotè (nan Goyavier/St Mak). Men, ti tan travay yo fè a la te kout, e li pa rive amelyore sitiyasyon yo anpil, nan kèk ka kondisyon lavi te vin miyo men jis pou yon ti bout tan sèlman. Nan pi fò ka yo, lajan djòb sa yo ta ka rapòte te plis pase lòt job ki te gen nan zòn nan akòz revni yo ki en jeneral ba anpil. Men, kèk moun pose kekasyon ke pwojè kreye djòb sa yo ta lakòz pwodiksyon lagrikilti a bese paske kiltivatè yo te gen pou ale travay lwen tè yo. Lòt kekasyon sèten mon pose tou gen pou wè ak gwo

<sup>21</sup> Chif sa a baze sou ipotèz yon travayè nan chak fanmi te travay an mwayèn 2 mwa e pwogram nan te touche kèk 500 mil fanmi (ki genyen an mwayèn 6 moun) e ki te resevwa anviwon 72 dola ameriken (anviwon 50 pousan PIB a pou andeyò pa abitan).

kòb pwogram sa yo te rive peye travayè yo (pa rapò a sa yo touche enjeneral nan travay latè) e ki non sèlman ta dwe fè ogmante depans lajan pou amplwaye yon travayè agrikol nan zòn rural sa yo men tou sa te vin bay pwoblèm nan abitud travay gratis moun yo te kòn fè pou aktivite devlopman kominotè a lon tèm.

**TABLO 5.1. DJOB AK REVNI KI KREYE, DEPI 1996**

| <i>Pwogram</i> | <i>Lajan yo bay<br/>(milyon \$EU)</i> | <i>Moun-mwa</i> |                                |          | <i>Total salè ki peye<br/>(milyon \$EU)</i> |
|----------------|---------------------------------------|-----------------|--------------------------------|----------|---------------------------------------------|
|                |                                       | <i>Prevwa</i>   | <i>Angave oswa<br/>garanti</i> | <i>%</i> |                                             |
| JOBS           | 32,4                                  | 492.500         | 505.570                        | 103      | 21,7                                        |
| PCE            | 50,0                                  | 487.000         | 472.000                        | 97       | 24,3                                        |
| HIMO           | 14,2                                  | n.d.            | 25.600                         | —        | 1,5                                         |
| PRECJ          | 3,6                                   | 13.636          | 13.779                         | 101      | 0,8                                         |
| FUREC          | 3,6                                   | 36.364          | 19.623                         | 54       | 1,1                                         |
| Total          | 103,8                                 | 1.029.500       | 1.036.572                      | 101      | 49,4                                        |

— : pa disponib

a. Estimasyon

Sous : Dokiman ak divès rapò avansman ak evalyasyon sou jan pwogram yo ap mache.

Posyon lajan ki te ale nan salè nan pwogram kreyasyon djob yo te an mwayèn 55 pousan total depans yo, 30 pousan te ale nan achte materyo konstriksyon ak ekipman epi 15 pousan nan depans administratif. Pami pwojè sa yo, PRECJ ak HIMO te depanse 30 pousan omwen nan salè.

**Pwojè repare enfraestrikti.** Pwojè enfraestrikti yo te repare yon pakèt enfraestrikti sosyal, prodiktif ak ekonomik (gade dokiman teknik 7). Pwojè sa yo te travay nan repare wout, nan konstriksyon ak reparasyon lekòl, sant sante ak sistèm dlo potab ak asenisman, pwotekyon yon ban basen vèsan ak pant mòn ki deteryore anpil ansanm ak reparasyon kanal irigasyon. Travay sa yo te pemèt kiltivatè yo fè prodilsyon yo rive nan mache, yo te fasilite moun jwenn sèvis debaz epi yo te rive fè rekipere apepre 60 mil ekta tè jaden ak reparasyon ti sistèm irigasyon.

Anpil fwa nan ekzekisyon kèk pwojè sa yo, gwo presyon te mete sou nesesite pou aji prese prese san pou otan yo pa t toujou oblije swiv yon plan global reyabilitasyon. Kidonk, se yon ti tan sèlman yo te pase nan mete kanpe bon jan patisipasyon ak entèvansyon kominote ak ototite lokal benefisyè yo oswa pou asire bon jan jesyon ak antretyen enfraestrikti yo apre fin pwojè a. An plis, kalite teknik kèk nan travay pat toujou twò bon, sa ki vin limite pi plis dirabilite enfraestrikti sa yo ki te jwen reparasyon.

**Pwojè devlopman enstitisyonèl ak asistans teknik.** Enpòtans yo te mete sou zafè ranfòse kapasite enstitisyonèl chita sou gwo wòl kapasite sa a genyen pou pwojè yo ka dire lontan. Sa te rive fèt nan bay pakèt oganizasyon kominotè, ONG ak otorite lokal yo fòmasyon sou kijan pou yo jere, epi administre kalte pwojè sa yo. Nan pwojè gouvènans kominal (PGK), pa ekzanp, api enstitisyonèl yo te bay moun ki pase nan eleksyon yo ak lidè lokal yo te mennen kreyasyon 25 komite pou amelyore kominote a ki jounen jodya a ap reyini pou diskite ki sa ki priyorite pou yo nan kesyon devlopman kominotè.

Poutan, an jeneral, demach ki te fèt pou devlope enstitisyon yo pat bay rezilta yo t ap tann yo akòz presyon ki te fèt pou yo ekzekite pwogram yo touswit prese prese. Kalte presyon sa a vin fè ke pat genyen ase tan ki te pase nan travay ranfòsman enstitisyonèl ki mande anpil jefò. Kidonk, pwosesis pou chache wè ki pwojè ki pou fèt epi tabli lis priyorite yo montre ke pa fwa pwojè sa yo te fèt dapre sa ajans ekzekisyon yo te pito oswa sa gwoup kominotè ki gen gwo enfliyans yo pi te pito.

Pwojè yo te chache tou pou amelyore limaj ak jan yo pèsevwa Leta epi tou pou ede bay enstitisyon demokratik tou nèf yo plis kredibilite ak jarèt. Yon pakèt gouvènman lokal te patisipe nan ekzekisyon aktivite yo a divès nivo (oswa kòm ajans ekzekisyon oswa kòm benefisyè). Men deske se gwo ONG moun plis konnen ki te anpil fwa jere pwogram yo, epi lè moun wè ke gwo ajans teknik Gouvènman an tankou Ministè Travo Piblik, Transpo ak Kominikasyon oswa Ministè Lagrikilti, Resous Natirèl ak Devlopman Riral pat preske patisipe nan ekzekite pwojè sa yo, tout sa te vin fè ke wòl Gouvènman pa te resòti byen a klè jan li ta dwè. Yon lòt kote, pwogram sa yo ki pote envestisman nan lokalite yo vin ogmante konkirans epi pwovoke yon batay pou pataj pouvwa nan pami otorite lokal yo (magistra ak kazèk) ak otorite rejyonal yo (senatè ak depite) e ki pa toujou genyen menm enterè politik oswa ki pa ale nan menm sans. Anvi Palman pou li patisipe pi plis nan jesyon detay ak planifikasyon teknik kalite pwogram sa yo, mete avèk dènye difikilte pou jwenn apwobasyon Palman pou kalite pwojè sa yo vin parèt tankou yon lòt kontrent an plis ki ta fèt pou byen konsidere nan planifikasyon pwogram enfraestrikti ki gen ladan yo envestisman pou nivo lokal.

**Distribisyon soupwojè yo.** Menmsi pa genyen anpil enfòmasyon, sanble soupwojè yo byen kalibre pou rive jwen pov yo. Men kijan soupwojè yo te distribye nan tout departman peyi a: Lwès ak Latibonit te jwenn plis soupwojè, epi Nodès ak Sidès te genyen mwens pwojè. Pa abitan, Nodès ak Sant vini an tèt, alòske nò ak Lwès dènye. Nan kantite dola pa abitan pou soupwojè yo, se Nodès ak Sant ki genyen plis, alòske nò ak grandans genyen mwens (gade tablo 5.2).

**TABLO 5.2. DISTRIBISYON PWOJE YO PA DEPATMAN**

| <i>Depatman</i> | <i>Kantite moun pa departman</i> | <i>Total soupwojè</i> | <i>Kantite pwojè pa moun (milye)</i> | <i>Depans pa tèt (\$EU)</i> |
|-----------------|----------------------------------|-----------------------|--------------------------------------|-----------------------------|
| 1. Latibonit    | 1.013.779                        | 516                   | 0,51                                 | 25,4                        |
| 2. Sant         | 490.790                          | 374                   | 0,77                                 | 28,7                        |
| 3. Grandans     | 641.399                          | 337                   | 0,53                                 | 21,2                        |
| 4. Nò           | 759.318                          | 218                   | 0,29                                 | 16,7                        |
| 5. Nodès        | 248.764                          | 223                   | 0,90                                 | 29,3                        |
| 6. Nòdwès       | 420.971                          | 157                   | 0,37                                 | 22,6                        |
| 7. Lwès         | 2.494.862                        | 884                   | 0,35                                 | 25,2                        |
| 8. Sid          | 653.398                          | 381                   | 0,60                                 | 25,1                        |
| 9. Sidès        | 457.013                          | 205                   | 0,45                                 | 27,8                        |
| <i>Total</i>    | <i>7.180.294</i>                 | <i>3,355</i>          | <i>0,47</i>                          | <i>25,5</i>                 |

*Sous : Dokiman Teknik 7.*

**Konsiderasyon sou kesyon lajan ak tan.** Lajan ki dekese nan pwogram ijans yo (JOBS, PCCE, CGP) te rive reyalize mezi 70-75 pousan objektif yo, avèk yon mwayèn lajan ki dekese chak mwa ki ale jiska 6.5 milyon dola ameriken. Nan ka pwojè ki konsène reparasyon

enfraestrikti, tankou PRH/EU, nivo lajan ki rive dekese yo te pi ba anpil, nan zòn 30-40 pousan. Depans fonksyonman yo te nomal anviwon 8-10 pousan, sof pou CGP kote l te 20-25 pousan.

**Ki lesan nou aprann.** Lesan nou aprann nan eksperyans peyi Dayiyi ak lòt peyi te fè anvan vin montre ke, pou popilasyon an pwofite pi plis de pwogram sa yo e pou yo genyen yon enpak ki p ap rete nan wout sou zafè bese lamizè, fòk konsepsyon ak ekzekisyon pwojè yo makonnen ak enpak yo sou devlopman a lon tè. Menmsi pwojè ki chita sou travo piblik ki mande fèt ak anpil moun e ki fèt tou pou repare enfraestrikti byen adapte pou diminye lamizè nan yon tan ki plis ou mwens kout, lè a petèt rive pou peyi a soti nan faz asistans ijans e pou l pase nan yon apwòch a lontèm ki ta konsantre sou ogmantasyon pwodiktivite, reparasyon enfraestrikti avèk pi plis planifikasyon nan zafè operasyon, antretyen ak plis patisipasyon benefisyè yo, epi kreyasyon posiblite bon jan kalite travay ki dire plis tan.

Epi tou, popilasyon ki pwofite de pwojè yo ak otorite lokal yo ta dwe patisipe nan tout faz pwojè a, soti nan idantifikasyon, tabli ak chwasi priorite nan ki sa ki plis bezwen, ekzekisyon, oswa nan jesyon ak antretyen pwojè a lè l fini. Ranfòsman kapasite gouvènman lokal yo ak benefisyè yo ta dwe antre nan rond depi nan premye faz konsepsyon ak planifikasyon pwojè a. Pou sa rive fèt, fò tou kowòdinasyon nan pami Govènman santral ak otorite lokal ta jwenn bon jan amelyorasyon tou.

### **Asistans alimantè**

Popilasyon peyi Dayiti pa manje ase ditou tout sa yon moun dwe manje e sa gen gwo konsekans ki rive lwen anpil sou timoun yo, sou fanm ansent oswa k ap bay tete. Gen apeprè 1/3 timoun ki genyen mwens pase senk lane k ap souffri malnitrisyon kwonik, timoun ki frape pi plis yo, se sa ki genyen ant 12 ak pou 24 mwa. Malnitrisyon grav (sa yon moun nan peze pa rapò a wotè l), yon chif ki mezire mankman nitrisyonel te estime dènyeman nan apeprè 8 pousan. Sa ki vle di ke kondisyon yo ap vin pi malouk chak jou, sa vle di tou ke se yon pwoblèm ki dwe konsène tout peyi a. Lè nou konpare chif sa yo ak pa lòt peyi, valè pousantaj malnitrisyon kwonik se 2 pousan nan peyi Dominikani, 3 pousan nan peyi Ondiras, epi 6 pousan nan peyi Guatemala (UNICEF 1996). Maladi anemi ki gen kòz li nan moun ki pa pran ase fè frape ant 35 a 40 pousan fanm ansanm ak 40 a 50 pousan timoun nan tout peyi a ki gen laj pou yo ale nan jaden danfan. Diferans nou jwenn ant divès rejyon nan peyi a frape latansyon anpil; se nan depatman Nò ak Nòdwès ak nan katye pòv ki nan bidonvil yo w jwenn pi gwo pousantaj moun kap souffri malnitrisyon. Defisit nitrisyonel yo gen konsekans nan tout nivo --rannman pi fèb, gwo difikilte pou aprann epi ranman envestisman ki fèt nan pwogram sosyal, espesyalman nan ledikasyon pa bay gwo rezilta.

**Asistans kominote entènasyonal la.** Pou elimine pwoblèm lamizè ak malnitrisyon, anpil nan entitisyon ki bay èd yo te pote yon asistans imanitè sou fòm manje. Pandan period 1993-95, ajans ameriken pou devlopman entènasyonal (USAID) te kontribye an mwayèn pou 68 pousan total bourad peyi a resevwa sou fòm manje, Inyon Peyi Lewòp yo te bay 19 pousan nan èd sa a, e Pwogram Alimantè Mondyal, peyi Lafrans ak Kanada te bay yo chak apeprè 4 a 5 pousan. Nan lane 1995, kalite manje yo te bay pi plis se ble, farin, pwa ak diri. Apeprè 30 pousan èd manje sa monetarize (sètadi te van pou rantre lajan nan kès Leta), rès la te distribiye sou yon baz imanitè. Nan lane 1995, dapre estimasyon yo, èd sou fòm manje te touche dirèkteman 1.3 milyon moun, sa vle di 16 pousan popilasyon peyi Dayiyi (USAID 1995). Chif sa a reprezante petèt yon nivo

maksimòm ki pa ka al pi wo, paske USAID gen kòm objektif rive diminye kantite moun ki resevwa èd sou fòm manje pou l fè l rive nan zòn 375.000 nan lane 2000.

Gen kat kategori pwogram ki distribye manje: lasante manman ak timoun, kantin nan lekòl, boukantaj manje pou travay, epi divè asistans jeneral. Pwogram èd alimantè ki resevwa lajan nan men USAID ak Ynyon Peyi Lewòp yo kanalize pa lentèmedyè yon bann ONG<sup>22</sup>. Pifò èd alimantè peyi Lafrans te bay te sou fòm manje ki pou van nan mache ak nivo pri ki pi ba pase pri nan nan zòn ki genyen pwoblèm manje yo. Lajan lavant sa a te sèvi pou finansè ti pwojè enfraestrikti. Danre alimantè ki pa monetize yo te distribye atravè pwogram kantin lekòl yo (se Aksyon Kont Grangou ki jere 2 pwogram sa yo). Ed alimantè peyi Kanada te monetize tou (pwa ak lwil) yon fason pou moun achte danre lokal ki plis koresponn a sa ayisyen manje. Anapre, danre sa yo vin distribye nan pwogram kantin eskolè pa Sant Kanadyen pou Etid Entènasyonal ak Kowoperasyon (CECI). Pou sa fèt, Sant la siyen kontra ak kiltivatè ayisyen yo pou yo plante kont sereyal, pou anpeche pwodiksyon ak pri lokal yo pa bese.

Anjeneral tout moun dakò distribisyon danre alimantè ak lòt jefò asistans ki fèt nan period lane 1991-95 pou ede popilasyon an te pote yon gwo soulajman nan konsekans malouk anbagò a. Men an Ayiti, plizyè pwoblèm marye ak keksyon èd alimantè a: (i) gwò pousantaj ayisyen ki rete depan pandan lontan sou rasyon manje èd alimantè yo resevwa pou viv ka vin kreye yon fenomèn depandans ki ka vin antrave motivasyon fanmi sa yo nan pwodiksyon agrikòl; (ii) konsènan èd ki bay sou fòm manje ki pa vann yo, èd sa a administre pa de desizyon biwokratik olye pou l ta kanalize sou baz pri nan mache ki plis reflete kondisyon lòf ak demand e ka rive debalanse kondisyon mache a ; (iii) yo pa fin analize nèt tout konsekans èd alimantè sa a kapab genyen sou pwodiksyon agrikòl lokal a, menm si li ka fè pri manje bese; e pou fini (iv) lè pri manje vin desann twò ba, sa ka lakòz kiltivatè lokal yo mwens anvi investi plis nan lagrikilti.

**Ki leson nou aprann .** Lè nou konsidere lamizè se toujou yon gwò pwoblèm jounen joudya, èd ki bay pi bon rannman se sa yo bay fanmi ki pòv anpil yo, ki bay nan objektif ki byen klè e byen kalkile, epi tou pandan yon tan ki limite – nan entèval de rekòt pa ekzanp. Fòmil èd alimantè sou fòm manje ki pou van nan mache ak tout lòt keksyon ki gen pou wè ak peye tou kalite taks (ladwann, etc.) se yon bon mwayen pou diminye debalansman nan mache pwodwi alimantè lokal a. Kèk rekòmandasyon espesifik ki te bay diskite en detay nan dokiman teknik 3.

---

<sup>22</sup> Cooperative for Assistance Relief Everywhere, Catholic Relief Service, ak Adventist Development Relief Agency pou USAID ak Biwo Nitrisyon ak Devlopman pou Inyon Peyi Lewòp yo.

## ANEKS I

### KI SA KI DETEMINE PEFOMANS KWASANS NAN PEYI DAYITI

Lè yo konpare pousantaj kwasans revni pa abitan peyi Dayiti ak pa lòt peyi nan zòn nan oswa ki nan lòt zòn sou latè, nou ka wè ki sa ki alabaz move pefòmans ekonomik peyi a. Analiz la chita sou 2 pwopozisyon ki te rive jwenn anpil sipò nan etid esperimantal yo te fè pandan dènye lane sa yo. Dapre premye pwopozisyon an, lè nou konsidere anpatan yon nivo revni pa abitan, to kwasans revni pa abitan an ap pi wo si nivo edikasyon alabaz la pi wo, si pousantaj fè timoun la pi fèb, si genyen mwens debalansman nan anviwonman politik nasyonal la, et si respè lalwa ak bon jan gouvènans pi djanm. Nan dezyèm pwopozisyon an, si ou pati alabaz sou nivo edikasyon, kantite timoun ki fèt pa fanm epi anviwonman politik la, to kwasans revni pa abitan an ap dotan pi wo ke nivo revni pa abitan a anpatan pi ba.

Nou ka jwenn rezilta etid sa a an detay nan Tablo I.1<sup>23</sup> Mwatye ki anba nan tablo a bay estimasyon sou pòsyon kontribisyon kapital resous moun yo anpatan, pousantaj fè timoun pa fanm, debalansman nan zafè politik alantèn yo, ak fòs lalwa ak demokrasi sou to kwasans revni pa abitan sou 3 peryòd diferan.<sup>24</sup> Estimasyon sa yo pèmèt nou konprann ki kalite chanjman politik ki dwe fèt nan peyi a pou ogmante revni pa abitan ak pou diminye lamizè. Pa ekzanp, (i) si tigason yo ale lekòl pandan apeprè yon ane anplis, kwasans ekonomik pa abitan an t ap ogmante de apeprè 1.3 pousan, (ii) si pousantaj kantite timoun ki fèt te ka vin 1.1 pousan pi ba, kwasans ekonomik pa abitan an t ap ogmante de anviron 1.1 pousan, (iii) si depans piblik yo vin 1 pousan pi ba nan PIB a, kwasans ekonomik pa abitan an t ap ogmante de 0.8 pousan, (iv) si amelioasyon nan zafè lòd piblik monte 1 pwen pi wo --pa rapò a nivo l ye koulye a pou l pase nan yon lòt nivo na yon sistèm ki gen 7 nivo sòti 1 pou rive 7—kwasans ekonomik pa abitan an ap vini 0.5 pousan pi wo, e (v) si chif sou demokrasi yo monte 1 pwen --pa rapò a jan li ye koulye a pa rapò ta yon sistèm ki ale sòti nan 1 rive 7—kwasans ekonomik pa tèt abitan a t ap ogmante nan mezi 0,5 pousan pa rapò ta PIB a.

Mwatye anlè nan tablo a montre kijan modèl la rive byen esplike pousantaj ogmantasyon kwasans revni pa abitan an Ayiti, e kijan kwasans ekonomik la t ap diferan si Ayiti te adopte politik ki sanble ak ak sa lòt peyi yo. Dezyèm kolòn nan montre to kwasans revni an Ayiti jounen jodya, e de lòt kolòn yo montre to kwasans revni pa abitan jan modèl la prevwa pou peryod ki te chwazi yo. Konparezon a montre aklè jan modèl la rive byen esplike kwasans pa abitan an nan de

<sup>23</sup> Modèl la sèvi ak rensèyman Barro te bay o komansman (1991 ak 1997) pou estime ki sa ki alabaz kwasans revni pa abitan. Estimasyon yo bay nan mwatye pati ki anba tablo a chita sou analiz estatistik yon gwoup peyi. Pousantaj kwasans yo prevwa yo sòti de izaj chif yo estime ak valè veritab varyab endepandan yo pou chak souperiyod. Chif yo sèvi nan etid la te revize pa rapò a chif orijinal Summers ak Heston te prepare (1991). Chwa sous-peryod yo te chita sitou sou chif nou te rive jwenn yo.

<sup>24</sup> Analiz la chita sou rezilta estatistik sou de premye peryòd yo - premye de kolòn yo nan mwatye ki anba nan tablo a. Estimasyon pwen yo chita sou mwayèn estimasyon pousantaj yo pou peryòd sa yo.

premye peryòd yo: pa gen two gwo diferans ant to kwasans ki fèt tout bon vre ak sa modèl la prevwa pou peryòd 1965-75 ak 1975-85. Men modèl la pa rive byen prevwa kwasans revni pa abitan pou peryòd 1985-90. Nan ka sa a, to kwasans reyèl la pa abitan te -1,7 pousan, e to kwasans modèl la prevwa a te 1.4 pousan. Diferans la montre gen kèk faktè ki esansyèl pou esplike pèfòmans reyèl kwasans la pandan peryòd sa a ki pat rive pran an kont nan modèl la. De faktè enpòtan ki pa la nan espesifikasyon modèl la se feblès gouvènans la ak sitiyasyon politik enstab pandan peryòd tranzisyon ant diktati rejim divalye yo ak demokrasi ki la koulyè a.

Kolòn 5 pou rive 7 yo montre konparezon ant peyi yo. Pa ekzanp, si kondisyon debaz peyi Dayiti yo te menm ak pa Dominikani yo, revni pa abitan ta va ogmante nan mezi 0.2 pousan pa an nan lane 1965-75 olye jan l diminye nan mezi 0,6 pousan. Menm revni pa abitan sa a ta va ogmante nan propòsyon 2,5 pousan nan lane 1975-85 olye 0,8 pousan sèlman e li ta va rive pito nan mezi 3.5 pousan nan lane 1985-90 olye l diminye nan propòsyon 1,7 pousan jan sa fèt. Menm jan an , si peyi Dayiti te genyen tou menm kondisyon debaz ak mwayèn peyi Amerik Latin ak Karayib yo, revni pa ayisyen ta va ogmante nan propòsyon 1,6 pousan pa an nan lane 1965-75, 4,3 pousan nan lane 1975-85, ak 3,4 pousan nan lane 1985-90.

**Tablo I.1. To kwasans veritab peyi a pa abitan, 1965–90**  
(pousantaj)

| <i>Estimasyon yon seri chif ak pousantaj yo estime</i>                                                         | <i>1965–75</i> | <i>1975–85</i> | <i>1985–90</i> |
|----------------------------------------------------------------------------------------------------------------|----------------|----------------|----------------|
| Pousantaj kwasans pa abitan                                                                                    |                |                |                |
| Tout bon dapre jan Summers ak Heston mezire il (1991)                                                          | -0,59          | 0,78           | -1,70          |
| Estimasyon sou baz variab leta ayisyen <sup>a</sup>                                                            | -0,38          | -0,29          | 1,35           |
| Estimasyon ak lekòl, kantite tan w ka viv, pousantaj timoun ki fèt, demokrasi ak respè lalwa nan peyi silayo : |                |                |                |
| Kosta Rika                                                                                                     | 2,00           | 5,33           | 4,12           |
| Republik dominkèn                                                                                              | 0,18           | 2,47           | 3,47           |
| Mwayèn Amèrik latine ak Karayibe san konte St Kitts ak Nevis epitou Belize                                     | 1,60           | 4,27           | 3,35           |
| <i>Koefisyan yo estime</i>                                                                                     |                |                |                |
| Konstant                                                                                                       | -0,03568       | 0,150483       | 0,493987       |
| Log (PIB)                                                                                                      | -0,047679      | -0,08863       | -0,088759      |
| Pousantaj ti gason ki ale lekòl                                                                                | 0,008225       | 0,018173       | 0,008919       |
| Dire tan moun ka ivi                                                                                           | 0,1261         | 0,100474       | -0,07498       |
| Log (PIB)*gason                                                                                                | -0,022583      | -0,033715      | -0,009411      |
| Log (pousantaj fè timoun))                                                                                     | -0,0153        | -0,065274      | -0,119526      |
| Koefisyan kons. piblik                                                                                         | -0,104687      | -0,038028      | -0,239226      |
| Endis respè lalwa                                                                                              | 0,004662       | 0,005707       | 0,006828       |
| Termes de l'échange                                                                                            | 0,120481       | 0,180564       | -0,030847      |
| Endis demokrasi                                                                                                | 0,002682       | 0,00056        | 0,009145       |
| Endis demokrasi carè                                                                                           | 0,0000977      | 0,00027        | -0,001004      |
| To enflasyon                                                                                                   | -0,030301      | -0,013017      | -0,00209       |

a. Chanjman nan kondisyon komès ak lòt peyi yo pa t integre pou 1965-75 ak 1975-85 men sèlman pou 1985-90.

b. Men lis peyi Amerik latin ak Karayib yo: Ajantin, Baamas, Babad, Bolivi, Brezil, Chili, Kolonbi, Kosta Rika, Dominik, Ekwatè, Grenad, Guatemala, Giyan, Ayiti, Ondiras, Jamayik, Meksik, Panama, Paraguay, Perou, Repiblik dominikèn, Sent Lisi, Sen Vensan, Salvador, Sirinam, Trinite, Iriguay, ak Venezuela.

## **MAP SECTION**



